Setya Amrih Prasaja, S.S.
Umi Kuntari, S.S.

jogja istimewa

Kelas
XII

WIBAWA
Wiyata Basa Jawa

Bahan Ajar Bahasa Jawa
SMA/MA/SMK

EDISI REVISI 2020

DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAHRAGA
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
2020

WIBAWA

Wiyata Basa Jawa
Bahan Ajar Bahasa Jawa
SMA/MA/SMK Kelas XII Edisi Revisi 2020

Penulis : Setya Amrih Prasaja, S.S.
Umi Kuntari, S.S.

DINAS PENDIDIKAN, PEMUDA, & OLAH RAGA
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
Jl. Cendana No.9 Semaki, Umbulharjo, Kota Yogyakarta
Daerah Istimewa Yogyakarta 55166

Hak Cipta dilindungi undang-undang
Dilarang memperbanyak buku ini sebagaian atau seluruhnya, dalam bentuk dan dengan cara apapun juga, baik secara mekanis maupun elektronis, termasuk fotokopi, rekaman, dan lain-lain tanpa izin tertulis dari penerbit.

Perpustakaan Nasional RI - Katalog Dalam Terbitan (KDT)

Setya Amrih Prasaja, S.S. & Umi Kuntari, S.S.

Bahan Ajar Bahasa Jawa SMA/MA/SMK Kelas XII Edisi Revisi 2020/ Setya Amrih Prasaja, S.S.; Umi Kuntari, S.S.; Yogyakarta: Pemuda dan Olahraga Daerah Istimewa Yogyakarta, 2020
vi+90 hlm; 17,6x25 cm.
ISBN: 978-623-7044-11-6

1. Basa Jawa - Studi dan Pengajaran.
I. Bahan Ajar Bahasa Jawa SMA/MA/SMK Kelas XII Edisi Revisi 2020
II. Setya Amrih Prasaja, S.S., Umi Kuntari, S.S.

Prawacana

Puji syukur kaaturaken dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun paring pepajar, satemah saged kalampahan katerbitaken buku **WIBAWA** SMA/MA/SMK Kelas XII ingkang kaserat dening Tim Penyusun Buku **WIBAWA** saking MGMP Bahasa Jawa SMA/MA/SMK Daerah Istimewa Yogyakarta. Isining buku punika kaselarasaken dening Kurikulum 2006 saha Kurikulum 2013, ing pangajab sedaya sekolah saged ngginakaken.

Jumbuh kaliyan kabetahan, bilih wulangan basa Jawa sampun katetepaken minangka Muatan Lokal Wajib tumrap sadaya pawiyatan ing Daerah Istimewa Yogyakarta, pramila buku punika kaajab saged njangkepi kabatehaning guru saha siswa ing laladan Daerah Istimewa Yogyakarta.

Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olah Raga Daerah Istimewa Yogyakarta ngaturaken agenging panuwun dhumateng Tim Pangripta, mugi-mugi buku punika mupangati.

Ngayogyakarta, Januari 2019
Kepala Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olah Raga
Daerah Istimewa Yogyakarta

Drs. R. Kadarmanta Baskara Aji
NIP. 19630225 199003 1 010

Purwaka

Awit saking kajurunging manah, MGMP Bahasa Jawa Daerah Istimewa Yogyakarta cumanthaka ndhèrèk cawé – cawé urun rembag babagan pamarsudining basa, sastra, tuwin aksara Jawa, kanthi ngedalaken bahan ajar bahasa Jawa.

Bahan ajar bahasa Jawa punika namung kanggé mbiyantu para siswa anggènipun sami sinau basa Jawa, lan sapérangan bahan ajar bahasa Jawa punika kaserat mawi aksara Jawa gagrag Sriwedarèn 1926, wondéné tata gelar panulising latin basa Jawa kajumbuhaken kaliyan *Ejaan basa Jawa aksara Latin wedalan Balai Pustaka Yogyakarta edisi revisi taun 2006.*

Bok bilih ing mangké pinanggih samukawis bab taksih rinaos kirang jangkep menggahing materi gegayutan kaliyan kurikulum ingkang lumampah, awit saking punika panyaruwé para winasis lan para pamaos tansah kula antu – antu.

Ing wasana mugi – mugi modul punika wonten ginanipun tumrap para kadang dwija langkung – langkung tumrap para siswa.

Tim Penyusun Bahan Ajar Bahasa Jawa
MGMP Bahasa Jawa SMA/MA/SMK D.I.
Yogyakarta

Daftar Isi

PRAWACANA		**iii**
PURWAKA		**iii**
DAFTAR ISI		**v**
WULANGAN 1	**WAYANG**	**1**
	Pangertosan Wayang	1
	Jinising Wayang lan Lampahan	4
	Gladhen 1	18
	Gladhen 2	19
	Gladhen 3	20
	Kawruh tembung	21
WULANGAN 2	**KASULTANAN NGAYOGYAKARTA**	**23**
	Prajanjen Giyanti	23
	Ambar Ketawang Tumuju Kraton Ngayogyakarta	25
	Pralambang Sangkan Paraning Dumadi	26
	Nama Ing Bregada Prajurit Dalem	31
	Gladhen 1	37
	Gladhen 2	37
	Kawruh Tembung	38
WULANGAN 3	**UPACARA ADAT JAWA**	**41**
	Pangertosan lan Tegesipun	41
	Ubarampe lan Maknanipun	45
	Gladhen 1	49
	Gladhen 2	50
	Kawruh Tembung	50
WULANGAN 4	**AKSARA JAWA**	**51**
	Aksara Jawa	51
	Gladhen 1	62
	Kawruh Tembung	63

Daftar Isi

WULANGAN 5 TEMBANG MACAPAT **65**
Macapat Sinom 65
Gladhen 1 71
Kawruh Tembung 73
PENILAIAN AKHIR TAHUN **75**
KAPUSTAKAAN **88**
PANGRIPTA **90**

WULANGAN 1

WAYANG



Kompetensi Dasar

3.1. Memahami seni pertunjukan tradisional Jawa dari berbagai media.

A. Pangertosan Wayang

Kawaosa kanthi permati!

Wayang punika salah satunggaling kabudayan ingkang dumadi saking wewayangan ingkang sinungging. Wayang wiwit wonten ing samadyaning bebrayan ageng tiyang Jawa udakara abad kaping-1, rikala jaman Prabu Airlangga, kados ingkang sinerat salebeting *Kakawin Arjunawiwâha* yasanipun Mpu Kanwa, pada 59 ingkang suraosipun salebeting basa Kawi (Jawa Kina) mekaten :

[illegible]

"Hanânonton ringgit manangis asekel mûda hidhepan huwus wruh towin yan walulang inukir molah angucap hatur ning wwang tresnêng wisaya malahâ tan wihikana ri tatwanyân mâyâ sahananing bhâwa siluman".

Tegesipun;

"Wonten ingkang mirsani ringgit ngantos nangis, bombong sarta kingkin manahipun, sanajan sampun wikan bilih kang dinulu namung lulang sinunggingan manungsa lan kados Saged tata jalma, ingkang mirsani wayang (ringgit) kados dêné tiyang ingkang kataman hardaning kanepson satemah kesupèn, lan boten nginten bilih sadaya kalawau namung wewayangan ingkang maya."

Wayang punika gadhah teges ingkang manéka warna. Wonten ingkang mastani bilih wayang punika saking tembung *Ayang-ayang* minangka gegambaraning jalma. Ugi wonten ingkang mastani bilih wayang punika cekakan saking tembung "***WA**yahé sembah**YANG***" ingkang tegesipun wayanipun Sholat. Sanèsipun nyebataken bilih wayang punika cekakan saking tembung "***WA**HANANÉH**YANG***" Tembung *Wahana* tegesipun panggènan, dêné tembung *Hyang* tegesipun Gusthi ingkang hakarya jagad.

Babon cariyos wayang punika miturut sujarahipun saking Negara India, inggih punika saking cariyos Rāmâyaṇa saha Mahābhārata. Cariyos Rāmâyaṇa ingkang basa Sansekretanipun Rāmâyaṇa saking tembung *Râma* lan *Ayaṇa* ingkang tegesipun Lampahing Rama. Cariyos punika dipunanggit dêning Walmiki (Valmiki) utawi Balmiki. Dêné cariyos Mahābhārata ingkang dipunanggit dêning Begawan Bvasa utawi Vyasa, cariyos punika wosipun ngèngingi Pandhawa saha Kurawa ingkang rebatan Negara Astina. Ananging cariyos Rāmâyaṇa lan Mahābhārata punika rikala ing tlatah Jawa lajeng kagubah malih dêning para winasis, pramila punika wonten bènten-bènten antawisipun cariyos Rāmāyaṇa lan Mahābhārata ingkang saking India kaliyan ingkang wonten ing Jawa. Dêné wayang piyambak manut sumber ingkang wonten, minangka kabudayan asli Jawa ingkang sampun wonten sadêrêngipun cariyos Rāmâyaṇa saha Mahābhārata mlebet ing Jawa.

Mula bukanipun wonten wayang ngantos dinten punika taksih kirang terwaca awit kathahipun sarjana-sarjana mancanagri ingkang ngawontenaken panalitèn bab asal-usulipun wayang satemah kathah pemanggih antawisipun kadosta ing ngandhap punika;

1. Golonganipun sarjana ingkang ngendikaaken bilih wayang punika asalipun saking Hindustan, pranyatan punika dipunjalari kaliyan wontenipun tetembungan **Sansekerta** छयनतक ***(Chayanataka)*** ingkang tegesipun wewayangan ingkang kinanthi dolanan. Pramila saking punika lajeng sarjana manca kadosta; **Krom, Pischel, Poensen lan Ras**, ngendikaaken bilih wayang punika asal-usulipun saking **tanah India**.
2. Golonganipun sarjana ingkang ngendikaaken bilih wayang punika asalipun saking **Tiongkok**, pranyatan punika dipunjalari kaliyan wontenipun tetembungan ***Ying-he*** ingkang mengku teges wewayangan mawi dolanan, ugi wonten tetembungan malih bilih wayang punika saking tetembungan

basa Cina *wayaah*, basa Mandarin *woying* lan **basa Kanton *woyong***. Pramila saking punika **Gosling** lan **Kwee Kek Beng** kagungan pamanggih bilih wayang asalipun saking **Tiongkok**.

3. Golonganipun sarjana manca ingkang ngendikaaken bilih wayang punika asli saking **tanah Jawa**, pranyatan punika dipunjalari manéka warna sebab antawisipun sejarah kasusastran Jawa ingkang sampun sepuh yuswanipun, ugi wontenipun tatacara tiyang Jawa kina ingkang pitados kaliyan roh arwahipun para luhur lajeng dipunsembah kanthi ndamel wewayanganipun. Wondéné sarjana manca ingkang kagungan pamanggih mekaten kadosta **Brandes, Hazeu, Rentse, Kats lan Kruyt**.
4. Saking pemanggih tigang perkawis ing nginggil mracihnani bilih wayang punika boten namung dipunmangertosi lan sinaoni déning tiyang Jawa kémawon malah kepara para sarjana manca kathah ingkang kepéncut nyinaoni bab punika. Wayang punika wiwit saking dipunwontenaken ngantos dumugi dinten punika sampun kathah ingkang dipunowahi. Wondéné cak-cakanipun wayang kados ing ngandhap punika;
   a. Jaman Mataram kina (Medhang), Kadiri, wandanipun wayang taksih arupi gambar ingkang sinungging ing lulang, wondéné cariyosipun mendhet cariyos saking lampahan-lampahan para pepundhèn lan leluhur tiyang Jawa.
   b. Jaman Majapahit, wandanipun wayang taksih sami kaliyan jaman Mataram Kina punapadéné Kadiri namung sampun langkung pepak gegambaranipun, cariyosipun kathah mendhet saking lampahan Panji Inu Kertapati lan Galuh Candra Kirana.
   c. Jaman Demak, wandanipun wayang sampun dipunukir kadosdéné wayang-wayang jaman sapunika. Ingkang dipunwiwiti déning para wali.
   d. Jaman Mataram Islam, Kartasura, Surakarta, lan Ngayogyakarta, wandanipun wayang sampun pepak kados ingkang Saged dipunpirsani ngantos dumugi sapunika.

   Salajengipun jinising wayang lan lampahan ingkang ginelar wonten pagelaran wayang. Wayang mujudaken kagunan ingkang Saged manunggalaken kagunan sanesipun. Wonten ing pagelaran wayang/ ringgit kapanggihaken:

   1) seni widya : filsafat lan pendidikan
   2) seni drama : pentas/ pagelaran lan karawitan
   3) seni gatra : ukir lan sungging
   4) seni ripta : sanggit lan kasusastran
   5) seni cipta : anggitan lan yasan enggal

B. Jinising Wayang lan Lampahan

Jinising wayang lan lampahan ingkang ginelar wonten pagelaran wayang;

No	Nama	Wujudipun	Cariyosipun
1.	Wayang Purwa	Kulit utawi walulang (sapi, kebo)	Rāmāyaṇa, Mahābhārata
2.	Wayang Golèk	Kayu	Babad Mesir (Amir Hamzah, Wong Agung Jayengrana, Umarmaya Umarmadi)
3.	Wayang Klithik	Kayu gèpèng	Babad Majapahit (Damarwulan, Minak Jingga)
4.	Wayang Wahyu	Kulit	Cariyos para Nabi lan Rosul, Yesus (kanggé dakwah agama Kristen Katholik)
5.	Wayang Sadat	Kulit	Babad Demak (para Wali)
6.	Wayang Ménak	Kulit	Babad Mesir (Cariyos agama Islam)
7.	Wayang Bèbèr	Mori ginambar	Babad Majapahit (Brawijaya)
8.	Wayang Kancil	Kulit	Serat Kancil (cariyos Sato Kèwan)
9.	Wayang Wong	Manungsa	Rāmâyana, Mahābhārata
10.	Wayang Jawa	Kulit utawi karton	Babad Demak-Mataram
11.	Wayang Suluh utawi Perjuangan	Kulit utawi karton	Cariyos sejarah NKRI
12.	Wayang Dupara	Kayu gèpèng	Babad Majapahit
13.	Wayang Madya	Kayu	Babad Kediri-Jenggala
14.	Wayang Gedhog	Kulit	Cariyos Panji (Asmarabangun-Galuh Candrakirana)
15.	Wayang Pothi	Kayu utawi bonéka	Cariyos Cina
16.	Lan taksih kathah malih		

Saking jinising wayang ingkang sinebut ing nginggil kalawau namung ***wayang purwa*** ingkang kathah dipungandrungi déning tiyang Jawa, wayang punika mendhet lampahan saking babon Mahābhārata lan Rāmâyaṇa ingkang sampun rinoncé déning para Pujangga Jawa satemah wonten bèntenipun kaliyan babon aslinipun ingkang saking India. Awit wayang punika rumiyin minangka salah satunggaling sarana dakwah para wali, pramila sarining cariyos India ingkang taksih mambet kaliyan Hindu

dipunkirangi sakedhik mbaka sakedhik ngantos boten katingal Hindunipun. Babon aslinipun ingkang saking India punika winastan kitab Mahābhārata lan Rāmâyaṇa. Mahābhārata punika salah satunggaling kitab suci tumrap tiyang Hindu India ingkang isinipun nyariosaken gumelaring jagad wangsa Bhārata ingkang dipunwastani ***Paṇḍava*** lan ***Kaurava*** ugi nyariosaken gumelaring perang ageng ***Bhârata Yuddha*** (utawi perangipun darah Bhārata) wonten ing cariyos punika kawontenanipun perang boten namung dipunjalari rebatan negari namung ugi minangka pralambang tedhakipun *avatar* Wiṣṇu minangka ***Kṛṣṇa*** ingkang nedya nggulung kamurkan saha kiliping jagad lumantar Arjuna lan para Pandawa. Mahābhārata punika ugi sinebut ***Aṣṭadaśa parva*** awit wujudipun wonten wolulas bab, saking wolulas bab punika namung wolung parwa ingkang ngantos wekdal punika pinanggih sinungging mawi sastra Jawa kina antawisipun wolung parwa punika;

1. **Ādiparwa**, nyariosaken ***yajña sarpa*** (ngurbanaken sekabehing naga salumahing jagad) dening Raja Janamejaya putranipun Prabu Parikhṣit, wayahipun radèn Abimanyu, utawi buyutipun Arjuna lan asal usulipun Paṇḍawa–Kaurawa ngantos dumugi dhaupipun Arjuna kaliyan Subhadra.
2. **Wirātaparwa**, nyariosaken lelampahanipun para Paṇḍawa ing nagri Wirata.
3. **Udyogaparwa**, nyariosaken lampahan Kṛṣṇa Duta.
4. **Bhīṣmaparwa**, nyariosaken jumenengipun resi Bhīṣma minangka senapati perang Kaurawa lan Bhagawad Gita sarta perang ageng Bhārata Yuddha.
5. **Āśramawāsaparwa**, nyariosaken lampahan sasampunipun perang Bhārata Yuddha.
6. **Mosalaparwa**, nyariosaken lampahan sirnaning bangsa Yadu kawulanipun prabu Kṛṣṇa.
7. **Prasthanikāparwa**, nyariosaken jumenenganipun Parikhṣit minangka ratu ing nagri Astina.
8. **Swargarohanaparwa**, nyariosaken sèdanipun para Paṇḍawa lan kawontenanipun ing Jaman kelanggengan.

Mekaten ugi Rāmâyaṇa, menawi salebeting Mahābhārata Wiṣṇu tedhak ing ngalam donya minangka ***Kṛiṣṇa,*** salebeting Rāmâyana Wiṣṇu tedhak ing donya minangka ***Rāma*** ingkang kagungan jejibahan nggulung angkara murkanipun Rawana ratu ing Alengka. Kitab Rāmâyaṇa wonten pitung ***kanda*** (bab) antawisipun;

1. **Balakānda**, nyariosaken lelampahanipun prabu Daśarata.
2. **Ayodhyakānda**, nyariosaken lelampahan alitipun Rāmā ngantos sayembara Sita lan dhaupipun Rāma kaliyan Sita.
3. **Aranyakānda**, nyariosaken lelampahan Rāma, Sita, lan Lakshmana ing madyaning wana, lan cariyos Rawana ndusta Sita.

4. **Kiskhindhyakānda**, nyariosaken lelampahanipun Subali lan Sugriwa.
5. **Sundarakānda**, nyariosaken lampahan Rāma tambak lan cariyos Anoman obong.
6. **Yuddhakānda**, nyariosaken lampahan perang antawisipun Rāma lan Rawana (Daśamukha).
7. **Uttarakānda**, nyariosaken lampahan sasampunipun perang lan cariyos Sita obong.

Punika warnanipun kitab kalih ingkang dados babon lampahan ringgit ing pagelaran wayang purwa Jawa, nanging sinaosa babonipun punika cariyos saking kitab kekalih sampun dipunéntha lan roncé miturut raos Jawa ingkang sampun salin rasuk agama Rasul inggih punika Islam ingkang dinakwah déning para wali sanga saking Kasultanan Demak Bintara.

Wondéné urut-urutanipun cariyos punika ngantos dados pakem ing pagelaran wayang purwa;

Sasanèsipun Serat Pustaka Raja Purwa, wonten malih seratan ingkang ugi kaginakaken déning para dhalang minangaka sumbering cariyos, inggih punika:

1. "Serat Purwakanda" seratanipun Sri Sultan Hamengku Bhuwana V (1822 – 1855)
2. "Serat Pedhalangan Ringgit Purwa" seratanipun KGPAA Mangkunegara VII (1916 – 1944)

Ubarampé salebeting pagelaran wayang purwa punika wigatos sanget awit lumantar punika wayang utawi ringgit Saged dipunbabar lan dipuntingali, wondéné ubarampènipun antawisipun;

1. **Kelir utawi Geber**

   Kelir kadamel saking *bahan tekstil* warni pethak pinalipit warni abrit utawi cemeng. Panjangipun 12 mèter, minangka pralambang langit, angkasa, wiyaripun 1.5 – 2 mèter.

2. **Blèncong**

   Suluh (cara kinanipun) deles kapuk lenga patra. Nanging sapunika blèncong dipungantos mawi lampu bolam (200 W). Blèncong punika minangka pralambang surya, rembulan, lan lintang-lintang.

3. **Debog**

   Wit pisang papan kanggé nancepaken wayang, minangka pralambang bumi (bantala).

4. **Wayang utawi Ringgit Wacucal**

   Piranti baken ingkang kadamel saking lulang tinatah lan sinungging utawi ginambar manut lakonipun, minangka pralambanging para titah utawi manungsa.

5. **Gunungan utawi Kayon**

   Inggih punika gambaran gesang, kahanan dunya saisinipun. Tembung 'kayon' saking tembung 'khayun' ingkang tegesipun gesang.

6. **Kothak Wadhah Wayang**

   Minangka pralambang sangkan paran dumadining manungsa, sadèrèngipun katitahaken ing alam dunya lan sasampunipun séda.

   Kothak kadamel saking kajeng;

   Panjang : 190 cm utawi 170 cm
   Wiyar : 85 cm utawi 85 cm
   Kandel : 12- 15 cm utawi 12 cm

7. **Cempala Asta (Saka Kayu)**

   Kajeng binubut éndah panjang udakawis 1,25 jengkal (kilan), ginanipun kanggé ndhodhog kothak paring sasmitha tumrapipun para niyaga. Minangka pralambang keteging jantung manungsa.

8. **Cempala Suku**

   Wesi gligèn binubut éndah panjang 1/2 kilan (jengkal) jinepit ing jempol suku kanggé nuthuk keprak.

9. **Keprak (Saking Wesi)**

   Minangka gegambaran ilining rah ing saranduning salira.

10. **Gamelan**

    Gamelan ugi dipunwastani gangsa, punika piranti ingkang kanggé ngiring lampahanipun ringgit, punika minangka pralambang kanggé kabetahan gesanging manungsa. Wondéné gamelan punika wonten kalih warnanipun;

    - Gamelan Sléndro
    - Gamelan Pélog

11. Niyaga lan Pasindhèn

Tukang nabuh gamelan cacahipun wonten 12–15 tiyang utawi langkung ndhèrèk kabetahanipun. Pesindhèn utawi waranggana ingkang nglaras tetembangan.

12. Simpingan Kiwa lan Tengen

Wayang ingkang tinancepaken ing gedebog jèjèr jinèjèr minangka paès. Ingkang siring tengen Brataséna (wayang ageng) ngantos dumugi (wayang ingkang alit). Ingkang siring kiwa Buta Raton ngantos dumugi wayang alitan.

13. Cempurit

Piranti ingkang kanggé nggapit wayang kadamel saking sunguning kebo utawi penjalin utawi pring.

Pagelaran wayang kulit utawi ringgit wacucal ringgit purwa sedalu natas kapantha dados tigang pérangan, inggih punika :

1. Pérangan sepisan pathet enem (pathet lasem) inggih punika wiwit jam 21.00 dumugi jam 24.00.
2. Pérangan kalih pathet sanga, saking jam 24.00 dumugi jam 03.00.
3. Pérangan pungkasan pathet manyura, saking jam 03.00 dumugi watawis jam 05.00. Tembung 'manyura' saking tembung Kawi (Jawa kuna) ingkang tegesipun 'merak' (peksi merak). Kasebat pathet manyura (merak) awit pathet punika ing wanci "perak ésuk".

Ing lampahan punapa kémawon, urut-urutaning lampahing cariyos sadaya sami,inggih punika:

1. Pathet Enem

a. Paséwakan. Ing jejer paséwakan punika Sang Prabhu kaadhep déning patih, lan para paramparaning kraton ngrembag satunggalipun prakawis. Jejer punika nggambaraken punapa ingkang dipunpenggalih (getering cipta). Ing jejeran sepisanan punika minangka bibit kawitipun sadaya ingkang badhé kagelar.

b. Kadhatonan atau Gupit mandragini, adégan ing salebeting keraton, (Gupit mandragini: papanipun pramèswari), pepanggihan antawisipun Sang Prabhu kaliyan Pramèswari (pria lan wanita), ingkang nggambaraken pikir lan raos dumados karsa (niat), inggih punika niyat kanggé gadhah turun (anak).

c. Paséban jaba, patih ngandharaken punapa ingkang dados wosing pirembagan ing paséwakan agung dhateng para mantri lan putraning narêndra. Salajengipun paring dahwuh kanggé nyamektakaken wadyabala (prajurit). Adégan punika nggambaraken lahiripun si jabang bayi.

d. Bodholan (budhaling wadyabala), bidhaling wadya bala kanthi pratandha suluk "Ada-ada Hastakuswala" lan "Ada-ada Budhalan Mataraman." Adégan punika nggambaraken polahipun sang jabang bayi ingkang wimbuh umuripun.

e. Jejer sabrangan, adégan ing keraton sabrang. Sang Prabhu ingkang ngrembag satunggaling prekawis kaliyan patih saha sentana sanèsipun. Adégan punika nggambaraken si jabang bayi sampun dados laré (bocah), lan wiwit gadhah pipinginan.

f. Perang gagal. Wonten 2 adégan perang ing pathet enem, inggih punika:

   1) Perang ampyak, dipungambaraken kanthi para prajurit (rampogan) ingkang nembe ndandosi margi, Adégan punika dipungelar sasampunipun prajurit dipunbidhalaken.

   2) Perang simpangan, dipungambaraken prajurit kraton ing jejer sapisanan kapanggih kaliyan prajurit nagari sabrang lajeng dados gesehing rembag ngantos paprangan. Ananging kakalihipun lajeng meper paprangan awit taksih wonten kewajiban ingkang langkung wigati. Perang punika kagelar sasampunipun jejer kraton sabrang. Perang wonten ing pathet enem punika boten wonten paraga ingkang pejah. Adégan punika nggambaraken laré (bocah) ingkang dereng diwasa, satemah dereng Saged ngendhalèni pipinginan, dèrèng Saged ngendhalèni hawa nepsu.

2. Pathet Sanga

a. Gara-gara

Kawontenaning jagad horèg, wonten lindhu, gunung njeblug, samudra luber, angin lesus, lan gègèr sanèsipun. Manungsa sami keplajar datan wonten ingkang katuju kanggé pados pangreksa. Para pandhita datan kwawi ngucap mantra, datan kwawi semèdi. Sang Nata tanpa daya, amung Saged nyuwun pitulunganing Déwa. Nanging para Déwa ugi sami nandhang duhkita, awit gara-gara ugi kadadosan ing Suralaya.

Ing satengahing gara-gara dumadakan wonten bocah bajang 2, ingkang satunggal mbekta bathok bolu (bolu = bolong telu) badhé nguras toya samudra ngantos asat. Déné satunggalipun mbekta sada lanang badhé nggiring angin nyaponi jagad. Kakalihipun sami rebat leres, bab punika sangsaya mimbuhi horèging dunya. Ananging karsaning Sang Akarya Jagad, gara-gara mendah kanthi mijilipun cahya kados déné wulan ndadari. Sinarengan cahya kala wau wonten Déwa awujud manungsa, jumeneng kados déné tugu séla, lenggah kados déné gumuk. Déwa punika Sang Hyang Ismaya utawi Ki Lurah Semar Badranaya.

b. Jejer pandhita

Bambangan (satriya mudha) sowan dhateng pandhita lan nampi piwulang. Adégan ingkang nggambaraken laré (bocah) sampun wiwit diwasa (kanèman), pikiran lan manahipun wiwit tinarbuka,

lan sampun kepingin ngangsu kawruh kanggé sangu nindakaken gesang.

c. Jejer madyaning alas, adégan ing satengahing wana.
Bambangan (satriya mudha) kanthi kairing Panakawan (Semar, Garèng, Pétruk, lan Bagong), kapanggih kaliyan danawa cacah 3. Salajengipun pancakara déné ingkang jaya inggih punika sang Bambangan. Denawa cacah 3 punika sayektosipun gegambaran watak angkara murka (hawa nepsu) ingkang kasil dipunkendhaleni déning sang Bambangan sasampunipun ngangsu kawruh.

3. Pathet Manyura

a. Adégan warna-warni
Ingkang nggambaraken bilih nglampahi gesang punika manungsa badhé ngalami kedadosan ingkang maneka warni, raos ingkang manéka warni seneng, sedhih, getun, marem, lan sapiturutipun. Saking sadaya kadadosan punika manungsa badhé ngundhuh wohing pakarti.

b. Perang bubruh
Manawi dipuntegesi perang brubuh punika perang ingkang katindakaken kanthi ngetokaken kekiyatan jiwa lan raga. Ing perang brubuh punika Raja Sabrang ngejak perang dhateng nagari ingkang jejer kapisan, ananging asiling paprangan Raja Sabrang kawon. Manawi Raja Sabrang kala wau salin wujud utawi malih ing ngriku badhé badhar wangsul dhateng wujud ingkang sayektosipun. Ing perang brubuh punika ingkang Saged ngrampungi perang inggih punika paraga ingkang kalebet Bayu Suta (putranipun Sang Hyang Bayu) kados ta Bima lan Anoman. Punika ngemu teges bilih bayu suta punika angin alit kanggé nggambaraken napas (ambegan). Adégan perang bubruh punika pralambang bilih pupuntonipun, napas ingkang badhé ngrampungi gesanging manungsa.

c. Nglempakipun para ratu saha kulawarganipun wonten ing swasana ingkang ngremenaken. Adégan punika gagambaran manungsa ingkang séda kanthi tentrem, awit sampun nindakaken kuwajibanipun minangka titah kanthi leres lan saé. Sasampunipun cariyos paripurna, sadèrèngipun tancep kayon dhalang ngedalaken wayang golèk lajeng dipunjogedaken. Bab punika minangka sasmita saking dhalang supados ingkang sami ningali "nggoleki surasane". Madosi suraos lan piwulang saking cariyos ingkang kagelar.

Wayang purwa Jawa, ingkang mendhet lampahan cariyos saking babon kitab Māhabhārata lan Rāmāyaṇa Sansekerta India, nanging wiwit bedhahipun Karaton Majapait lan adeging Karaton Demak, cariyos Māhabhārata lan Rāmāyana punika sampun dipunentha malih déning para Wali lan pujangga Jawa satemah dados cariyos Māhabhārata lan Rāmāyaṇa

versi Jawa ingkang sampun beda kaliyan *versi* aslinipun ingkang saking India, awit wayang kanthi cariyos Māhabhārata lan Rāmāyaṇa punika kadamel dakwah Islam dening para Wali ing tanah Jawa. Ing ngandhap punika sarasilahipun Pandawa lan Kurawa manut gagrag utawi *versi* India lan Jawa.



SARASILAH KURAWA LAN PANDAWA (JAWA)



Cirèn Wujuding Wanda Gagrag Sala – Ngogyakrta

Wanda wayang lan panyungginging wayang ing antawisipun tlatah setunggal lan setunggalipun nggadhahi wanda lan cirèn piyambak-piyambak. Ing ngandhap punika sapérangan bab perkawis ingkang mbèdaaken gagrag antawisipun Surakarta lan Ngayogyakarta. Bab wanuh wayang kulit punika nggadhahi gagrag antawisipun :

- Wayang Kulit Gagrag Kedhu
- Wayang Kulit Gagrag Banyumas
- Wayang Kulit Gagrag Pesisiran (Cirebonan)
- Wayang Kulit Gagrag Mataraman (Ngayogyakarta)
- Wayang Kulit Gagrag Surakarta
- Wayang Kulit Gagrag Jawa Wetanan (Malang, Madura)
- Wayang Kulit Gagrag Bali

Werkudara Surakarta	Werkudara Ngayogyakarta
Werkudara Cirebon	Werkudara Banyumas

Baladéwa Surakarta	Baladéwa Ngayogyakarta
Baladéwa Jawa Wétanan	Baladéwa Bali

Sala	Bali	Banyumas
Cirebon	Sasak	Ukur
Kekayon/ gunungan		

Yogya	Sala
Jawa Wetan	Banyumasan
Cirebon	

Ananging cirèn wanda wayang ing ngriki, ingkang badhé karembag sapérangan namung wanda wayang gagrag Ngayogyakarta lan Surakarta.

1. **Wujuding wanda badan**

   Ngayogya : adatipun wanda wayangipun cendhak lan lema.
   Surakarta : adatipun wanda wayangipun inggil lan langsing.

Gagrag Sala	Gagrag Ngayogyakarta
[illegible]	[illegible]

2. **Wujuding wanda wayang déwan**

   Ngayogya : adatipun wanda wayangipun tanpa sepatu
   Surakarta : adatipun wanda wayangipun mawi sepatu

Gagrag Sala	Gagrag Ngayogyakarta
[illegible]	[illegible]

3. **Wujuding wanda wanaran**

Ngayogya : adatipun wanda wayangipun mripatipun ketingal kalih

Surakarta : adatipun wanda wayangipun mripatipun namung setunggal.

Gagrag Sala	Gagrag Ngayogyakarta
ꦩ꦳ꦸꦗꦸꦢ꦳ꦤ꦳ꦮꦤꦫ	ꦩ꦳ꦸꦗꦸꦢ꦳ꦤ꦳ꦮꦤꦫ

4. **Wujuding wanda wayang putrèn**

Ngayogya : adatipun wanda wayangipun jaritipun klangsrah wingking.

Surakarta : adatipun wanda wayangipun jaritipun klangsrah ngajeng.

Gagrag Sala	Gagrag Ngayogyakarta
ꦤꦺꦴꦔꦺꦴꦔꦏꦶꦤ꦳	ꦤꦺꦴꦔꦺꦴꦔꦏꦶꦤ꦳

Gladhen 1

[illegible]

[illegible]

1. [illegible]
2. [illegible]
3. [illegible]
4. [illegible]
5. [illegible]

Gladhen 2

[illegible]

[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	

1.	Kelingi luw-owijiyuwki ngiwasuwara	
2.	Kelinyuki kinnaqiyuwki kiwuna	
3.	Kinyuki minkaqiyuwki yuwkinkelinki nuwa-nuwa	
4.	Kelinki ewinyuki kinkinyuwki kinwuna	

Gladhen 3

a. Pakenkinanggilinkinkinggoro-giyuki

Kinanbenkinkinkinnuwa-giyuki

.....	.....	.....
.....	.....	.....

.....	.....
.....	.....
.....	

Kriyawacaka lan Karanawacaka

1. **Kriyawacaka**

   Rimbagipun kriyawacaka: **pa + tanduk.** Wujudipun saking tembung tanduk karaketan ater-ater pa, tuladhanipun: pangrakit, panulis, panggambar.

   Tegesipun rimbag kriyawacaka:

   a. cara utawi patrap anggenipun nindakaken kriyanipun tembung, kadosta:
      - panulis, tegesipun patrap anggènipun nilis
      - penggambar, tegesipun caranipun nggambar
      - pangrakit, tegesipun caranipun ngrakit
      - lsp

   b. tukang utawi tiyang ingkang padamelanipun nindakaken kriya ingkang kasebut, kadosta:
      - pengendhang, tegesipun tukang ngendhang
      - pemomong, tegesipun tukang momong
      - pengegong, tegesipun tukang ngegong.
      - Lsp

   c. ukuran (wanci utawi sanèsipun), kadosta:
      - Suwéné mung **sapenginang.** Tegesipun sadangunipun tiyang ingkang nginang.
      - Dohe **sapembalang.** Tegesipun ukuran kanggé tebihipun tiyang mbalang saking papan anggènipun mbalang dumugi dhawahipun barang ingkang kabalangaken.

   d. piranti utawi sarana, kadosta:
      - pembesut, tegesipun piranti mbesut
      - penyikat, tegesipun piranti nyikat
      - Lsp

2. **Karanawacaka**

Rimbagipun: **pe + tanduk + an**. Wujudipun saking tembung tanduk karaketan ater-ater pa lan panambang an. Tuladhanipun panulisan, penggilingan.

Tegesipun rimbag karanawacaka:

a. panggènan, kadosta:
   - Ing tanah Jawa akèh **panepèn**. Tegesipun panggènan nenepi.
   - **Penggilingan** tebu dunungipun ing Madukisma. Tegesipun panggènan nggiling.

b. piranti utawi sarana, kadosta:
   - Tukua wajan **penggorèngan.** Tegesipun piranti kanggé nggorèng.
   - Blabag **penulisan** iku resikana. Tegesipun piranti kanggé nulis.

WULANGAN 2

KASULTANAN NGAYOGYAKARTA

Sumber: *tribunnewswiki*

Kompetensi Dasar

3.2 Memahami kraton Ngayogyakarta dan Pura Pakualaman.

A. Prajanjèn Giyanti

Kawaosa kanthi permati!

Kasultanan Ngayogyakarta Hadiningrat

Pangéran Mangkubhumi ingkang miyos saking Mas Ayu Téjawati garwanipun Sunan Amangkurat IV, kagungan asma alit Radèn Sujana. Sanajan tuwuh ing kraton, Pangeran Mangkubhumi kagungan pribadi

ingkang kiyat lan jembar wawasanipun. Kapribadèn lan wawasan punika kaudi kanthi nggemblèng lair batin, tansah nambah wawasan kanthi kathah maos serat-serat agami lan sastra, lan srawung kalihan manéka warni golongan, kalebet kawula dasih.

Ing antawisipun warsa 1740 nalika ingkang jumeneng nata ing Mataram Sunan Paku Bhuwana II, kawontenan nagari kathah prekawis kadosta gègèr pacinan ingkang njalari VOC sansaya kiyat lan pengkuh nguwaosi wewengkon tlatah Mataram. Awit kawontenan ingkang sansaya boten kanten-kantenan, Sunan mbiwarakaken sayembara dhumateng sinten kemawon ingkang Saged nundhung para kraman badhé pikantuk pangarem-arem siti 3000 cacah ing laladan Sukawati (sapunika tlatah wewengkon Sragen). Pangéran Mangkubhumi kasil mupu sayembara, nanging awit pangglembukipun Patih Pringgalaya, Sunan murungaken pangarem-arem ingkang sampun kajanjèkaken. Kadereng raos kuciwa punika, Pangéran Mangkubhumi jengkar saking kadhaton. Raos kuciwa ing panggalihipun Pangéran Mangkubhumi boten namung amargi wurungipun pangarem-arem ing sayembara, nanging ugi rumaos dipunkiwakaken amargi boten kaajak ing pirembagan antawisipun Sunan lan VOC. VOC kaanggep sawenang-wenang kanthi nemtokaken regi séwan siti ingkang mirah sanget.

https://www.idsejarah.net/2016/09/perjanjian-giyanti-1755.html

Pangéran Mangkubhumi madhep mantep ngraman perang lumawan VOC. Perang lumawan VOC lumampah ngantos sangang taun kanthi banten ingkang kathah sanget ing wadyabala VOC. Kawontenan punika njalari pangarsaning VOC ingkang sadèrèngipun dipuncepeng Van Hogendorff kagantos déning Nicolaas Hartingh ingkang langkung pirsa babagan kabudayan Jawa. VOC ngéwahi cara anggènipun ngadhepi Pangeran Mangkubhumi sawadyabalanipun, ingkang sadèrèngipun kanthi tata cara perang kagantos kanthi tata cara pirembagan bedamèn.

Rumaos awrat ngadhepi Pangéran Mangkubhumi, VOC lajeng nawani badhé nyaosi siti wewengkon Mataram ingkang sampun dipuncaosaken dhumateng Sunan Paku Bhuwana II, manawi kersa pirembagan lan ngendheg anggènipun perang lumawan VOC. Pangéran Mangkubhumi nyarujuki, satemah kasil mupakat bilih:

1. Panguwaos Mataram ajujuluk Sunan lan Sultan,
2. Wewengkon Mataram kapérang pinara sigar semangka,

3. Satengah wewengkon Mataram dados kagunganipun Pangéran Mangkubhumi kanthi punjering kraton mapan ing alas Mentaok (Mataram).

Sanajan sampun mupakat, nanging Pangéran Mangkubhumi taksih kuciwa amargi pikantuk wewengkon sisih wétan. Pangéran Mangkubhumi ngersakaken wewengkon ingkang sisih kilèn. Lumantar pirembagan ingkang alot, satemah punapa ingkang dipunkersakaken Pangéran Mangkubhumi kinabulan. Prajanjèn énggal kasil katapakasmani surya kaping 13, wulan Pebruari, taun 1755, ing Dhusun Giyanti, pramila lajeng kasebat *Perjanjian Giyanti*. Wosing prajanjèn Giyanti inggih punika:

1. Pangeran Mangkubhumi kasengkakaken minangka Sultan kanthi ajujuluk Sultan Hamengku Bhuwana Sénapati ing Alaga Ngabdurrahman Sayidin Panatagama Kalifatullah, lan nyepeng panguwaos sapalih saking nagri Mataram, ingkang badhé kawarisaken turun-temurun.
2. Patih minangka abdi dalem kanthi pangkat inggil ingkang nglampahaken paréntah ageng sadaya kapurba déning VOC.
3. Sultan kersa paring pangapunten dhumateng sadaya bupati ingkang sadèrèngipun nyengkuyung dhumateng VOC.
4. Sultan boten badhé nuntut hak ing wewengkon Madura lan wewengkon pesisir ingkang sampun kapasrahaken déning Sunan Paku Bhuwana II dhumateng VOC.
5. Sultan sumadya nuhoni prajanjèn ingkang sampun wonten antawisipun ratu-ratu Mataram sadèrèngipun lan VOC.
6. Sultan kapareng nganggep bebas saking pangiket sumpahipun manawi VOC nyidrani isining prajanjèn.

B. Ambarketawang Tumuju Kraton Ngayogyakarta

Sasampunipun pikantuk wewengkon lumantar prajanjèn Giyanti, Pangéran Mangkubhumi lajeng miwiti adeging kraton Ngayogyakarta. Pangéran Mangkubhumi ingkang kagungan kawegigan ing babagan tata rakiting wawangunan (*arsitektur*), amilih wana pabringan minangka papan dumuning kraton. Papan punika pinilih amargi ing tengahipun wonten umbul pacéthokan, ingkang kaapit lèpèn cacah 6 (Codé, Winanga, Gajah Wong, Bedhog, Opak, Praga) lan tumuju ing satengahing garis lempeng antawisipun Gunung Merapi lan Segara Kidul.

Sadangunipun kraton binangun, Pangéran Mangkubhumi ingkang sampun ajujuluk Sri Sultan Hamengku Bhuwana I sawatawis lenggah ing pasanggrahan Ambarketawang. Ing dinten Kemis Pahing, candra kaping 13 Sura Jimakir 1682 utawi netepi ing surya kaping 7, sasi Oktober 1756, Sri Sultan Hamengku Bhuwana I lumebet ing Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat.

C. Pralambang Sangkan Paraning Dumadi

Kawegiganipun Sri Sultan Hamengku Bhuwana I katingal sanget ing saben wujud wawangunaning kraton. Sri Sultan boten namung mangun, nanging ugi manggalihaken pralampita pralambanging agesang (*filosofi-filosofi*) ingkang inggil pangajinipun. Saben wawangunan lan papanipun ingkang gayut kalihan Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat mesthi ngemot pralampita pralambanging agesang (filosofi-filosofi) ingkang ngandhut gagambaran tata lampah gesang manungsa, inggih punika lampahing sangkan paraning dumadi :

1. Sangkaning dumadi, gagambaran pralambang sangkaning dumadi ingkang wonten ing kitha Ngayogyakarta inggih punika kawiwitan saking wawangunan :
   a. Panggung Krapyak
      Panggung Krapyak punika minangka salah satunggaling pérangan pralambang sangkan paraning dumadi, Panggung Krapyak minangka lambang yoni (lambanging pawèstri). Sangkan dumadining wiji manungsa inggih saking guwa garbaning ibu.

   b. Wit Asem
      Ing sakiwa tengen margi antawisipun Panggung Krapyak tumuju dhateng Plengkung Nirbaya kathah tutuwuhan wit Asem, tumraping budaya Jawa, wit Asem punika mengku teges nengsemaken, liripun supados calon manungsa punika ing samangkénipun Sageda nengsemaken tumraping liyan, sintena ingkang nyawang banjur lajeng kasengsem.
   c. Wit Tanjung
      Sanèsipun wit Asem, ing sakiwa tengenipun Panggung Krapyak dumugi Plengkung Nirbaya ugi kathah tutuwuhan wit Tanjung, ingkang mengku teges jabang bayi ing samangké sinanjung-sanjung

déning bapa biyung, rama ibunipun, ginadhang dadosa laré ingkang migunani.

d. Kampung Mijèn
Papan punika wonten siring lèr kilènipun Panggung Krapyak, tembung Mijèn punika saking lingga wiji utawi winih, inggih punika wijining manungsa ingkang nyawiji saking wijining rama ibu.

e. Plengkung Nirbaya (plengkung gading)
Plengkung Nirbaya punika salah satunggaling plengkung ingkang wonten ing Baluwarti utawi bètèng kraton, plengkung punika ugi winastan plengkung pungkuran, awit mapan kanggé miyosipun jisim utawi layon para nata ing Ngayogyakarta ingkang badhé kasarèkaken ing Pajimatan Imagiri (Imogiri).

f. Alun-alun Kidul
Alun-alun Kidul menangka alun-alun ingkang mapan ing siring kidul Karaton Ngayogyakarta punika tengahipun wonten taneman waringin cacah kalih ingkang winastan Ringin Wok.

g. Wit Kwèni
Ing sakiwa tengen alun-alun kidul dipuntanemi wit Kwèni, nyanèpani bilih saben manungsa punika kedah gadhah watak wani nalika ing diwasanipun.

h. Wit Pakèl
Ing sakiwa tengen alun-alun kidul, sanèsipun dipuntanemi wit Kwèni ugi dipuntanemi wit Pakèl, Pakèl mengku teges tansah ngati-ati ing samubarang tumindak.

i. Sitinggil Kidul
Sitinggil Kidul mengku teges suksma utawi kahananing jabang bayi ingkang sumedya kababar, sakiwa tengen Sitinggil Kidul wonten taneman Gayam, tegesipun Gayam punika ayom-ayem tansah ngrembaka, sanèsipun wit Gayam ugi wonten taneman kembang Soka lan Cempora, ingkang dados pralambanging raos tresna ingkang nyawiji antawisipun kakung lan putri.

j. Régol Kamandhungan
Régol Kamandhungan nggambaraken jabang bayi nalika taksih wonten kandhungan (guwa garba), wondéné margi alit sakiwa tengenipun Kamandhungan nggambaraken bab-bab ala lan becik tumraping jabang bayi.

k. Régol Gadhung Mlathi
Régol Gadhung Mlathi minangka régol utawi lawang ingkang nyawijèkaken antawisipun Kamagangan lan Kamandhungan Kidul, ingkang wonten pepethan gambar naga kalih, punika sengkalan memet "dwi naga rasa tunggal", negesi angka taun Jawa 1682 Jimakir windu Adi, wawangunan régol punika ugi minangka gagambaraning mijilipun jabang bayi saking guwa garbaning ibu.

l. Dhapur Gebulèn lan Sekullanggèn
Papan punika minangka papan kanggé ngracik panganan tetedhan, awit kanggé pralambang bilih mijiling jabang bayi temtu mbetahaken pangupajiwa.

m. Bangsal Kamagangan
Ing bangsal Kamagangan punika wonten wawangunan panti Paredèn, sadaya ubarampé gunungan kasamektakaken wonten papan punika, kalebet upacara tumplak wajik ingkang dipunpandégani déning Nyai Lurah Kebuli lan Nyai Lurah Sekullanggi.

n. Kadhaton utawi Karaton
Mlebet wonten wewengkon salebeting kadhaton, kathah tutuwuhan ing antawisipun Sawo Kecik (sarwa becik), lan wawangunan sanèsipun kadosta:
- Gedhong Prabayeksa, salebeting gedhong Prabayeksa punika sumimpen senthir Kyai Wiji, senthir ingkang kapurba murub salawasipun punika minangka gagambaraning nur wijining manungsa.
- Bangsal Kencana, salajengipun wawangunan bangsal Kencana, kencana tegesipun emas, minangka pralambang manunggaling Kawula kalawan Gusti.
- Gedhong Jené utawi Gedhong Kuning, minangka pralambang papan tumujuning sadaya panggayuh.

2. Paraning dumadi, gagambaran pralambang sangkaning dumadi ingkang wonten ing kitha Ngayogyakarta inggih punika kawiwitan saking wawangunan :

a. Tugu Pal Putih
Sakawit kadamel déning Sri Sultan Hamengku Bhuwana I, wujud wandanipun tugu punika rumiyin winastan tugu Golong Gilig.

b. Margi Utama
Margi saking tugu pal putih tumuju kraton minangka pralambang lampahing gesang ingkang kebak panggodha kadonyan, kadosta drajat, pangkat, bandha donya, lan wanita. Panggodha punika

kawujudaken kanthi wawangunan kapatihan lan Pasar Gedhé Beringharja. Margi ingkang lempeng nggambaraken lambanging manungsa ingkang caket dhumateng Gusti Ingkang Murbèng Dumadi (sangkan paraning dumadi). Margi saking tugu mangidul dumugi rèl sepur kasebat Margi Marga Utama ingkang tegesipun marganing kautaman. Margi punika ngandhut pralambang bilih manungsa kedah mangertos kautaman lan tansah lumampah ing kautaman. Manungsa kedah tansah milih ingkang saé tinimbang ingkang awon. Ing siring kéringing margi dipuntanemi wit gayam ingkang mengku teges ayom, lan ing siring kanan dipuntanemi wit asem ingkang mengku teges nengsemaken.

c. Maliabara

Saking rèl sepur ngantos prasakawanan Toko Batik Terang Bulan (prasakawanan pacinan ketandan) kawastanan Margi Maliabara. Malia saking tembung malia ingkang teges dadosa wali lan Bara ingkang teges ngumbara. Sasampunipun manungsa milih margi kautaman, kedahipun lajeng nularaken kautaman punika dhumateng tiyang sanès.

d. Kapatihan

Kapatihan mujudaken papan palenggahanipun papatih dalem, minangka pralambanging panggodha ingkang awujud drajat, pangkat, lan semat.

e. Margamulya

Margi saking Toko Batik Terang bulan ngantos titik 0 km (kantor pos besar) kawastanan Margi Marga Mulya ingkang ateges marganing kamulyan. Margi punika nggambaraken bilih manawi manungsa sampun lumampah ing margi kautaman lajeng Saged nularaken kasaènan dhumateng tiyang sanès temtu badhé manggih kamulyaning gesang.

f. Pasar Beringharja

Kabangun minangka sarana *perekonomian* Ngayogyakarta. Pasar punika mapan ing sisih ler kraton, nggadhahi makna minangka simbol ancasing gesang manungsa (paraning dumadi), ugi minangka simbol panggodhaning manungsa wujud bandha lan wanita. Manungsa ingkang Saged uwal saking panggodha menika pantes lumebet ing pagesangan ingkang langgeng.

g. Pangurakan

Margi Pangurakan kawiwitan saking Kantor Pos Besar tumuju Alun-alun Ler Kraton. Tembung pangurakan mengku teges nolak, mbucal, lan nundhung. Mergi menika ngemot filosofi bilih manungsa kedah Saged mbucal sadaya hawa nepsu ingkang magepokan kaliyan kadonyan.

h. Alun-alur lèr

Alun-alun ingkang mapan ing siring lèr Pagelaran Karaton Ngayogyakarta punika tengahipun wonten taneman waringin cacah kalih ingkang winastan:

- Kyai Wijayandaru ingkang mapan ing siring wétan, winihipun wit ringin punika saking Pajajaran.
- Kyai Déwandaru ingkang mapan ing siring kilèn, winihipun wit ringin punika saking Majapahit.

Gunggung wit ringin ingkang tuwuh ing sakiwa tengenipun alun-alun lèr punika cacahipun wonten 62 iji, ing jaman kinanipun sasanèsé Sultan, hamung Papatih Dalem ingkang pareng miyos ing sela-selaning wit ringin kurung alun-alun lèr punika.

i. Pagelaran

Mengku teges sami, liripun ing pagelaran Saged kanggé sarana papan kempal antawisipun para bendara lan abdi punapadéné kawula.

j. Kori Sitinggil

Papan punika minangka papan pisowanan, ing siring wétan Sitinggil wonten wawangunan Balébang ingkang kaginakaken kanggé nyimpen gamelan pusaka sekatèn Kyai Guntur Madu lan Kyai Nagawilaga.

k. Wit Jambu Dresana utawi Dersana

Wit punika minangka pralambang kakiyatan lan luhuring sang nata anggènipun nyepeng pusering kaprajan.

l. Kamandhungan Lèr (keben)

Papan punika mengku pralambang bilih sok sintena ingkang jumeneng nata kedah Saged nyawijèkaken panca-driyanipun, lan tansah taberi manembah mring Hyang Kang Maha Suci.

m. Wit Keben

Mengku teges agung, resik, ayom-ayem tentrem.

n. Bangsal Srimanganti

Wujudipun joglo Mangkurat, kagunanipun minangka papan kanggé nggelar kagunan seni Kraton.

o. Bangsal Trajumas

Mapan wonten sawétanipun bangsal Srimanganti, minangka papan palereman gamelan Sakatèn sadèrèngipun kaboyong ing Mejid Gedhé Kauman. Bangsal Trajumas saka gurunipun wonten 6 iji.

p. Kori Danapratapa

Kori punika kori mlebet ing wewengkon kraton, wujudipun limasan Semar Tinandhu. Ing sanginggilipun wonten pepethan candrasangkala sangkalan memet ingkang Saged kawaos "kaluwihaning yaksa salira aji" utawi angka taun 1853 Jawa, lan ugi suryasangkala sangkalan "jagat asta wiwara narpati" angka taun 1921 M, candrasangkala lan suryasangkala punika kanggé tetenger jumenengan dalem Sri Sultan Hamengku Bhuwana ingkang jumeneng nata kaping 8.

D. Nama Ing Bregada Prajurit Dalem

1. Wirabraja utawi lombok abang

a. Jejibahanipun minangka cucuking ngajurit salebeting perang.
b. Prajurit Wirabraja ngginakaken busana sikepan, lonthong (sabuk) satin, lan clana panji warni sadaya abrit. Sepatu pantopel cemeng, kaos kaki pethak, songkok kudhup turi.
c. Klèbèt utawi gendéra utawi bregada prajurit Wirabraja winastan Gula Klapa.
d. Dwajanipun anama Kanjeng Kyai Santri lan Kanjeng Kyai Slamet.
e. Tetabuhanipun gendhing Dayungan lan Ratadedali.
f. Papan dunungipun prajurit punika winastan Wirabrajan.

2. Daèng

a. Prajurit punika asalipun saking Makasar, prajurit Dhaèng ngginakaken busana lan clana warni pethak, kanthi garis abrit ing pérangan jajanipun, ngginakaken songkok mancungan awarni cemeng, kanthi rerenggan wulu ayam awarni abrit pethak.
b. Klèbèt utawi gendéra bregada prajurit Dhaèng winastan Bahningsari.
c. Dwajanipun anama Kanjeng Kyai Jatimulya (Doyok).
d. Tetabuhanipun gendhing Ondhal-Andhil lan Kenaba.
e. Papan dunungipun prajurit punika winastan Dhaèngan.

3. **Patangpuluh**
   a. Prajurit Patangpuluh ngginakaken busana sikepan lurik khas Patangpuluh, clana cendhak abrit lan clana panjang abrit, sepatu lars cemeng, songkok awarni abrit lan cemeng.
   b. Klèbèt utawi gendéra bregada Patangpuluh winastan Cakragora.
   c. Dwajanipun anama Kanjeng Kyai Trisula.
   d. Tetabuhanipun Gendhing Mars Bulu-Bulu lan Gendéra.
   e. Papan dunungipun prajurit punika winastan Patangpuluhan.

4. **Jagakarya**
   a. Prajurit Jagakarya ngginakaken busana sikepan lurik khas Jagakarya, kanthi kutang (rompi) jené emas, sepatu pantopel cemeng, kaos kaki biru sepuh, songkok cemeng.
   b. Klèbèt utawi gendéra bregada Jagakarya winastan Papasan.
   c. Dwajanipun anama Kanjeng Kyai Trisula.
   d. Tetabuhanipun Gendhing Tameng Madura lan Slahgendir.
   e. Papan dunungipun prajurit punika winastan Jagakaryan.

5. **Prawiratama**
   a. Prajurit Prawiratama ngginakaken busana sikepan cemeng, clana cendhak abrit lan clana panjang abrit, sepatu lars cemeng, songkok awujud kerang awarni cemeng.

b. Klèbèt utawi gendéra bregada Prawiratama winastan Geniroga utawi Banthèng Ketaton.
c. Dwajanipun anama Kanjeng Kyai Trisula.
d. Tetabuhanipun Gendhing Mars Pandebrug lan Balang.
e. Papan dunungipun prajurit punika winastan Prawirataman.

6. Nyutra

a. Prajurit Nyutra 1 ngginakaken busana kutang (rompi) abrit, clana panji cemeng, kampuh biru sepuh, kuluk cemeng lan udheng cemeng.
b. Prajurit Nyutra 2 ngginakaken busana kutang (rompi) cemeng, clana panji abrit, kampuh biru sepuh, kuluk abrit lan udheng abrit.
c. Klèbèt utawi gendéra bregada Nyutra 1 winastan Podhang Ngisep Sari.
d. Klèbèt utawi gendéra bregada Nyutra 2 winastan Padma Sri Kresna.
e. Dwajanipun anama Kanjeng Kyai Trisula.
f. Tetabuhanipun Gendhing Surèngprang lan Tamtama Balik.
g. Papan dunungipun prajurit punika winastan Nyutran.



7. **Ketanggung**
   a. Prajurit Ketanggung ngginakaken busana sikepan khas Ketanggung, clana cemeng pethak, sepatu lars cemeng, songkok mancungan awarni cemeng.
   b. Klèbèt utawi gendéra bregada Ketanggung winastan Cakraswandana.
   c. Dwajanipun anama Kanjeng Kyai Nenggala.
   d. Tetabuhanipun Gendhing Pragolamilir utawi Lintrik Emas lan Harjuna Mangsah utawi Bima Kurda.
   e. Papan dunungipun prajurit punika winastan Ketanggungan.

8. **Mantrijero**
   a. Prajurit Mantrijero ngginakaken busana sikepan lurik khas Mantrijero, clana panji lurik, sepatu pantopel cemeng, kaos kaki pethak, songkok awujud mancungan cemeng.
   b. Klèbèt utawi gendéra bregada Mantrijero winastan Purnamasidhi.
   c. Papan dunungipun prajurit punika winastan Mantrijeron



9. **Bugis**
   a. Prajurit Bugis asalipun saking Makasar.
   b. Prajurit Bugis ngginakaken busana kurung cemeng, clana panjang cemeng, sepatu pantopel cemeng, songkok awarni cemeng.
   c. Klèbèt utawi Gendéra bregada Bugis winastan Wulandadari
   d. Dwajanipun anama Kanjeng Kyai Trisula.
   e. Papan dunungipun prajurit punika winastan Bugisan.



10. **Surakarsa**
   a. Prajurit Surakarsa ngginakaken busana sikepan pethak lan clana panjang pethak, kain sapit urang, songkok cemeng lan terompah.
   b. Klèbèt utawi gendéra bregada Surakarsa winastan Paréanom.
   c. Papan dunungipun prajurit punika winastan Surakarsan.

PURA PAKUALAMAN

Paku Alaman

Ingkang Jumeneng Nata ing Pura Mangkunegaran Ajejuluk
Kanjeng Gusti Pangéran Adipati Arya Paku Alam.

Pangkat kalenggahan lan kekancingan sentana dalem :

1. **K.B.R.Ay** (Kanjeng Bendara Radèn Ayu), kekancingan asma tumrap Garwa dalem Prameswari Sri Paduka Paku Alam.
2. **B.R.A** (Bendara Radèn Ayu), kekancingan asma tumrap Garwa dalem Selir Sri Paduka Paku Alam.
3. **B.P.H.S** (Bendara Pangéran Harya Suryadilaga), kekancingan asma tumrap Putra dalem ingkang mijil saking Prameswari Sri Paduka Paku Alam, ingkang calon anggentosi lenggah dampar keprabon.
4. **G.B.R.M** (Gusti Bendara Radèn Mas), kekancingan asma tumrap Putra dalem ingkang mijil saking Prameswari Sri Paduka Paku Alam, nalika timuripun.
5. **K.P.H** (Kanjeng Pangéran Harya), kekancingan asma tumrap Putra dalem ingkang mijil saking Prameswari Sri Paduka Paku Alam, nalika diwasanipun.
6. **R.M** (Radèn Mas), kekancingan asma tumrap Putra dalem ingkang mijil saking Selir Sri Paduka Paku Alam, nalika timuripun.
7. **B.R.H** (Bendara Radèn Harya), kekancingan asma tumrap Putra dalem ingkang mijil saking Selir Sri Paduka Paku Alam, nalika diwasanipun.
8. **G.B.R.A** (Gusti Bendara Radèn Ajeng), kekancingan asma tumrap Putri dalem ingkang mijil saking Prameswari Sri Paduka Paku Alam, nalika timuripun.
9. **G.B.R.Ay** (Gusti Bendara Radèn Ayu), kekancingan asma tumrap Putridalem ingkang mijil saking Prameswari Sri Paduka Paku Alam, nalika diwasanipun.
10. **B.R.A** (Bendara Radèn Ajeng), kekancingan asma tumrap Putri dalem ingkang mijil saking Selir Sri Paduka Paku Alam, dèrèng palakrama.
11. **B.R.Ay** (Bendara Radèn Ajeng), kekancingan asma tumrap Putri dalem ingkang mijil saking Selir Sri Paduka Paku Alam, sampun palakrama.

Prajurit Paku Alam

Prajurit Pura Pakualaman gunggungipun boten kathah kadosdéné prajurit saking Karaton Ngayogyakarta, awit rikala semanten wonten prajanjèn antawisipun Inggris, ingkang ngandharaken Pura Paku Alam boten kepareng kagungan prajurit, ing sapunika prajurit Pura Paku Alam ingkang asring miyos namung arupi kalih inggih punika :

Prajurit Lombok Abang

Prajurit Plangkir

Gladhen 1

A. Wangsulana pitakènan punika!

1. Punapa jejulukipun Ingkang Jumeneng Nata ing Kasultanan Ngayogyakarta Hadiningrat?
2. Punapa jelukukipun ingkang ginadhang ing samangkénipun badhé gumantos nata?
3. Kasebatna nama Prajurit ing Kraton Ngayogakarta!
4. Kasebatna nama Prajurit ing Pura Pakualaman!
5. Kababarna kanthi basamu dhéwè gegayutanipun anatawisipun Pura Pakualaman kaliyan Kasultanan Ngayogyakarta Hadiningrat!

Gladhen 2

Kadamela kelompok, saben kelompok 4 siswa. Lajeng kadamela makalah ngenani Kraton Ngayogyakarta!

Tembung Rangkep

Tembung rangkep inggih punika tembung ingkang dipunucapaken ambal kaping kalih kanthi sapérangan utawi sadaya. Kasdosta: putra-putra, pepémut, cengèngès, lsp.

Tembung rangkep wonten 3 werni, inggih punika:

- Tembung dwilingga
- Tembung dwipurwa
- Tembung dwiwasana

1. Tembung Dwilingga

Tembung dwilingga kapérang dados werni 3, inggih punika:

a. Tembung dwilingga wantah, tuladhanipun: kanca-kanca, bocah-bocah, bapak-bapak, ibu-ibu, lsp.
b. Tembung dwilingga salin swara, tuladhanipun: bola-bali, plirak-plirik, wira-wiri, lsp.
c. Tembung dwilingga semu. Sejatosipun sanes dwilingga nanging wujudipun saèmper dwilingga, tuladhanipun: alang-alang, unyeng-unyeng, undur-undur, èpèk-èpèk, lsp.

Tegesipun tembung dwilingga:

a. Dados aranipun barang, kadosta: alap-alap, alang-alang, undur-undur, uget-uget, lsp.
b. Dados tembung kahanan, kadosta: gebyar-gebyar, mangar-mangar, rintik-rintik, ringih-ringih, lsp.
c. Nindakaken padamelan kados ingkang kacetha ing lingganipun, kadosta:
   - Surti kaé wis **omah-omah** olèh Téja.
   - Bocah iku malah **udan-udan**.
d. Ndadosaken tembung kahanan ingkang dipungambaraken cacah kathah, kadosta:
   - Wedhus iku olèhé **gedhi-gedhi** temen. (wedhusipun kathah lan sadaya ageng, senadyan boten sami agengipun)
   - Dalan ing kutha saiki **jembar-jembar** lan **alus-alus**. (dalanipun kathah, jembar lan alus).
e. Sanget, menawi tembung dwilingga wau awujud pamenging, kadosta:
   - Jangane aja **asin-asin**. (tegesipun asin banget)
   - Anggoné nulis aja **gedhé-gedhé**. (tegesipun gedhé banget/ageng sanget).
f. Tansah, kadosta:
   - Yagéné kok aku iki ora **pinter-pinter**. (tegesipun tansah ora pinter).

- Arep njahitké bakal klambi kok **lali-lali** baé. (tegesipun tansah lali).

g. Sanajan, kadosta:
   - Alon-alon anggeré kalakon. (tegesipun senajan alon)
   - **Cilik-cilik** yen mentes ora dadi ngapa, tinimbang **gedhé-gedhé** nanging gombong. (tegesipun senajan cilik, senajan gedhé).

h. Barang ingkang kasebut ing lingganipun boten cetha, kadosta:
   - **Abang-abang** iku apa ta?
   - Sing **gremeng-gremeng** mau bengi kaé sapa ta?

i. Anggènipun nindakaken padamelan, kadosta:
   - Gunung Merbabu iku angèl **unggah-unggahané**. (tegesipun anggènipun ngunggahi)
   - Penjalin iku angèl **tugel-tugelané**. (tegesipun anggènipun nugel).

j. Wayah utawi mangsa kados ingkang kasebut ing lingganipun, tuladhanipun:
   - Panèn-panèn kok golèk utangan beras. (tegesipun wayah panèn)
   - Bedhug-bedhug kok padha pènèkan, ora becik. (tegesipun wayah bedhug).

k. Wis mentog utawi notog, kadosta:
   - **Dawa-dawané** mung semèter. Tegesipun sampun boten wonten ingkang langkung panjang malih.
   - **Murah-murahé** mung limang èwu. Tegesipun ingkang langkung mirah sampun boten wonten.

l. Boten gumathok, lan tumindakipun marambah-rambah, kadosta:
   - Lé, lungguhmu mapana aja **ngolah-ngalih**.
   - Anggonmu ngocèki setang kudu kenceng, aja **mingar-minger**.

m. Sepira baé, utawi kabèh waé, kadosta:
   - Garapen **sabisa-bisamu**.
   - Mangana **sawareg-waregmu**.

n. Nyangetaken tembung ora, kadosta:
   - Mara dhayoh **ora isan-isin**, **ora wigah-wigih**, **ora rikah-rikuh.**

2. Tembung Dwipurwa

Inggih punika tembung ingkang dipunrangkep purwaning lingganipun, tuladhanipun: gegriya, teturu, tetuku, lelungan, lsp.

Boten sadaya tembung Saged kadamel dwipurwa.

Tembung-tembung ingkang boten Saged kadamel dwipurwa inggih punika:

a. Tembung ingkang purwaning wanda aksara swara, kadosta ayem, iwak, lsp.
b. Tembung ingkang lingganipun langkung saking kalih wanda, kadosta: waspada, premana, nagara, lsp.
c. Tembung lingga ingkang wandanipun sami, kadosta: papa, jaja, lsp.

Tegesipun rimbag dwipurwa:

a. Boten mesthi barangipun, kadosta:
   - Kowé iku yèn **tetuku** mesthi kelarangen. Tegesipun barang ingkang dipuntumbas boten mesthi.
   - tuladah tembung sanès: deduwé, gegaman, lelara, lsp.
b. Duwe utawi nganggo, kadosta:
   - Adhimu wis **peputra** pira?
   - Sarjiman sampun **gegriya** ing Bantul.
c. Samubarang ingkang kahananipun ingkang kados kacetha ing lingganipun tembung, kadosta:
   - Kang juara wis padah nampa **bebungah.**
   - **Pepetenging** pikirmu muga énggal ilang, gantiya **pepadhang**.

3. Tembung Dwiwasana

Wujudipun saking tembung lingga ingkang wanda wingkingipun karangkep lan sesigegipun kaicali, kadosta mbedhudhug, jelalat, cekikik, lsp.

Tegesipun rimbag dwiwasana:

a. Dados tembung kahanan, kadosta:
   - Bocah-bocah padha pating **jegègès**.
   - Klambiné pating **pethethet**.
b. Nglampahi padamelan, menawi dwiwasana wau karaketan panambang -an.
   - Aja padha **cekakakan**, mbrebegi wong turu.
   - Yèn guneman ora karo **cengèngèsan.**

WULANGAN 3
UPACARA ADAT JAWA

Sumber: *kratonjogja.id*

Kompetensi Dasar

3.3. Memahami dan menanggapi prosesi upacara adat Jawa.

A. Pangertosan lan Tegesipun

Kawaosa kanthi permati!

Tingkeban inggih punika tata cara lan tata upacara ingkang katindakaken rikala satunggaling wanita utawi calon ibu yuswa kandhutanipun jangkep 7 wulan, pramila upacara tingkeban ugi kasebat **mitoni**. Acara tingkeban punika namung katindakaken rikala calon ibu nggarbini ingkang sepisanan.

Tingkeban utawi mitoni limrahipun katindakaken ing dinten Slasa utawi Setu (manawi siang), dinten malem Slasa utawi malem Setu (manawi dalu).

Ing upacara tingkeban mbetahaken pirantos-pirantos ingkang kaginakaken, déné pirantos-pirantos kala wau antawisipun:

1. **Pengaron**

Pengaron utawi jembangan ingkang kaginakaken kanggé wadhah toya perwita sari, ingkang mangkénipun kanggé siram calon ibu. **Pengaron** manawi dipuntegesi kanthi kérata basa utawi jarwa dhosok **cepengané wong sakloron**, tegesipun rikalanipun gesang sesarengan mangun balé griya calon ibu lan calon bapak kedah nyawiji ing pangèsthi, saiyeg saéka kapti. Saged ugi kapendhet tembung **ngaron** ingkang gadhah teges *mengané warana*, menga punika mbikak déné warana punika kori utawi lawang.Tegesipun calon ibu badhé mbikak kori utawi lawang ingkang sepisanan anggènipun nglairaken ponang jabang bayi.

2. **Toya Suci Perwita Sari**

Toya mangkénipun kanggé siram calon ibu. Toya punika kapendhet saking 7 sumber, Saged saking sumur utawi sendhang. Kapendhet saking 7 sumber mengku teges panyuwunan supados pikantuk pitulungan (saking tembung pitu), pitulungan saking Gusti Allah lan sanak sadhèrèk.

3. **Sekar Setaman utawi Sritaman**

Sekar setaman punika boten ateges sekar ingkang kathah sanget, ananging kapilih sekar ingkang gadhah ganda wangi lan kasebat ratuning sesekaran. Sekar ingkang kaginakaken inggih punika: mawar, melathi, lan kanthil(kanthil Saged kagantos kenanga). Kapilih sekar-sekar kala wau Saged dipuntegesi *punapa ingkang winawar* ***(mawar)*** *saking kedaling lathi* ***(mlathi)****, Sageda tansah kumanthil-kanthil* ***(kanthil)*** *ing telenging nala sadaya pitedah saking para sepuh lan para sarjana sujana.*

4. **Nyamping Werni 7 lan Mori**

Nyamping (jarit) cacah 7 kanggé gantos calon ibu, déné nyamping ingkang kaginanaken inggih punika cakrik bathik:

a. *Sidaluhur*, mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi putra ingkang kakandhut ing tembé wingkingipun dadosa tiyang ingkang gadhah budi pakerti ingkang luhur.
b. *Sidamukti*, mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi putra ingkang kakandhut ing tembé wingkingipun dadosa tiyang ingkang mukti wibawa.
c. *Truntum*, mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi bebudèn luhur saking tiyang sepuhipun Saged nurun dhateng putra ing kakandhut.
d. *Wahyu Tumurun*, mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi putra ingkang kakandhut gadhah drajat lan ngèlmu ingkang mumpangati.
e. *Udan Riris*, mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi putra ingkang kakandhut ing tembé wingkingipun dados tiyang ingkang tansah damel resep sinten kémawon ingkang ningali lan damel remen dhateng sinten kémawon ingkang dipunsrawungi.

f. *Lasem,* mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi putra ingkang kakandhut ing tembé wingkingipun dados tiyang ingkang tansah bekti dhateng Gusti Allah ingkang nyipta jagad saisinipun.
g. *Dringin,* mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi putra ingkang kakandhut ing tembé wingkingipun dados tiyang ingkang tansah migunani dhateng sesaminipun lan Saged gesang prasaja.
h. *Mori* ingkang warni pethak punika minangka pralambang bilih sadaya tumindak kedah linandhesan utawi dipundhasari niat ingkang suci.

5. Dhingklik

Dhingklik papan palenggahan ingkang mangké kaginakaken lenggah déning calon ibu rikala nindakaken siram. Kapilih dhingklik awit gadhah pangangkah amrih calon ibu saged ningali kawontenan ing pundi kémawon (wiyar wawasanipun) lan saged mandhirèng pribadi boten sumendhé dhateng tiyang sanès.

Ing mangké saking inggilipun dhingklik punika kaparingan **ron kluwih** (ing pangajab putra ingkang kakandhut ing tembé wingkingipun gadhah kaluwihan), **ron alang-alang lan ron kapa-kapa** (ing pangajab mugi calon ibu tansah boten pikantuk alangan punapa-punapa ngantos titi wancinipun nglairaken lestari salajengipun. Ron-ronan kala wau kabuntel kaliyan **klasa bangka** (minangka pralambang gesanging manungsa) klasa ingkang kadamel saking méndhong utawi pandhan. Sadaya kala wau lajeng katutup kanthi mori, bangun tulak, lan lurik utawi sembagi.

6. Janur Kuning

Janur kuning mujudaken pangajeng-ajeng supados sasab rikalanipun majeng ing paprangan. Tumrapipun calon ibu, nglahiraken punika nindakaken perang ingkang kasebat perang sabil. Pramila panyuwunipun dhateng Gusti mugi anggènipun perang sabil Saged sasab wilujeng anggènipun babaran lan ugi wilujeng tumraping jabang bayi ingkang dipunlairaken. Janur jené punika kaginakaken ing upacara *luwaran.* Tegesipun sadaya pepalang sampun dipunluwari.

7. Keris Pusaka Kyai Brojol lan Kunir

Ngginakaken Keris pusaka **Kyai Brojol**, gadhah pangangkah supados ponang jabang bayi ingkang kakandhut Saged lahir kanthi gampil utawi mbrojol. Déné **kunir** punika minangka pralambang tolak balak. Awit kunir punika inggih mujudaken *antibiotic* ingkang maédahi tumrap kasarasan.

8. Tigan Ayam

Tigan ayam kaginakaken wonten ing upacara brojolan. Tigan ayam mujudaken pralambang rikalanipun lair. Tigan punika wonten kalih

pérangan inggih punika jené lan pethakipun. Jenénipun punika pralambang rah, déné pethakipun punika pralambang toya kawah utawi ketuban. Tiyang ingkang nglairaken temtu badhé ngedalaken rah lan toya kawah.

9. Cengkir Gadhing

Cengkir gadhing punika klapa mudha ingkang werninipun jené. Kapilih cengkir gadhing awit gadhah werni ingkang jené, ingkang gadhah teges sasab. Ing pangajab mugi rikalanipun perang sabil Saged sasab, wilujeng rikala babaran lan wilujeng tumrap jabang banyi ingkang dipunlahiraken.

Cengkir gadhing ingkang kabetahaken wonten cacah 3, 1 kanggé upacara sigaran déné ingkang 2 kanggé upacara wiyosan lan pondhongan. Ingkang kanggé upacara wiyosan punika dipungambari Arjuna lan Subadra, utawi Rama lan Sinta utawi Kamajaya lan Kamaratih. Punika mengku teges pangajab mugi putra ingkang kakandhut Sageda mémba utawi ngembari kasulistyan sarta bebudèn kados paraga ringgit ingkang dipungambar wau.

10. Klenthing

Klenthing utawi jung ingkang sampun kaisi toya, kapapanaken ing satengahing latar. Klenthing punika pralambang kalamun nggarbini, déné toyanipun pralambang toya kawah. Pramila klenthing punika kaginakaken ing upacara simparan. Ing mangké klenthing badhé kasimpar déning calon bapak, minangka pralambang pecahipun kawah.

11. Ayam lan Kurunganipun

Ayam minangka pralambang bayi déné kurungan minangka pralambang padharanipun calon ibu.

12. Siwur (Gayung)

Siwur punika gayung ingkang kadamel saking bathoking klapa, mligi ingkang kanggé upacara tingkeban punika wohing klapa boten kapendhet. Siwur punika manawi dipuntegesi kanthi kerata basa *ngaosi sing ana ndhuwur*, tegesipun kedah tansah bekti dhateng Gusti Ingkang Maha Kawasa.

13. Rujak

Rujak punika dhaharan ingkang dipunremeni déning para putri ingkang nembé nggarbini. Dhahar rujak punika supados sariranipun seger.

14. Dhawet

Salebeting dhawet wonten céndholipun, minangka pralambang donga mugi rejekinipun kaluwarga ingkang badhé nampi putra tansah lumintu.

Ubarampé ingkang kaginakaken ing upacara tingkeban punika kathah sanget, inggih punika:

1. **Tumpeng Pitu lan Lawuhipun**

   Tumpeng ingkang cacahipun wonten 7, setunggal tumpeng ageng lajeng dipunubengi tumpeng ingkang radi alit cacah 6. Punika nedahaken bilih anggènipun nggarbini sampun ngancik 7 wulan. Lawuh kaparingaken ing sakupengipun tumpeng, antawisipun kulupan (gudhangan), tigan ayam, témpé, tahu, daging, gerèh, pèyèk, lan sapanunggalanipun. Tumpeng lan lawuhipun punika minangka wujuding pralambang donga supados gesangipun tansah kaparingan kamakmuran. Manawi dipuntingali saking wujudipun saged ugi dipuntegesi tansah bekti dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos. **Tumpeng punika metuné lempeng,** tansah bekti dhateng Gusti lan nyuwun supados katedahaken ing margi ingkang lempeng.

2. **Tumpeng Robyong lan Tumpeng Gundhul**

   Ingkang mujudaken pralambang donga dhateng Gusti Ingkang Maha Kawasa supados paring kawilujengan.

3. **Tigan Penyon**

   Kadamel saking tigan ayam ingkang kaparingan warni abrit. Kasebat tigan penyon awit gadhah pangajab bilih kaluwarga ingkang dipuntingkebi gadhah kekendelan, teguh, santosa, lan saged mandhirèng pribadi kados déné tigan penyu.

4. **Jenang Procot**

   Jenang ingkang kadamel saking glepung beras ingkang kaparingan gendhis. Ing tengahipun kaparingan pisang ingkang wetah. Punika mujudaken pralambang donga supados putra ingkang kakandhut saged miyos kanthi cepet (mrocot).

5. **Clorot**

   Kadamel saking glepung beras, santen, gendhis Jawa, lan sarem. Sadaya dipuncampur lajeng kabuntel mawi janur. Mengku teges pangajab supados kaluwarga Saged cumlorot téjanipun.

6. **Sekul Punar**

   Sekul punar utawi sekul jené. Kanthi wiyosipun ponang jabang bayi dadosa cahya utawi pepapadhang tumrapipun kulawarga satemah ngraosaken kabagyan.

7. **Jenang**

   - Jenang abang

     Werni abrit punika nglambangaken wantun (wani ing bebener). Jenang abang ugi ngémutaken bilih calon ibu rikala nglairaken ponang jabang bayi ugi badhé ngedalaken rah, pramila kedah kajagi kasarasanipun.

- Jenang putih
  Jenang putih punika pralambang sungsum, ugi nglambangaken bilih werni pethak punika suci. Nglairaken punika mujudaken paprangan suci, mila sinebut perang sabil.
- Jenang abang putih
  Minangka pralambang nyawijinipun wiji saking ibu (abrit) lan wiji saking bapa (pethak) satemah mawujud dados ponang jabang bayi.
- Jenang palang putih lan palang abang
  Minangka pralambang bilih tiyang ingkang nembé nggarbini (calon ibu lan calon bapa) kedah kebak ing pangatos-atos anggènipun ngucap lan tumindak.
- Jenang baro-baro abang lan putih
  Baro-baro punika Saged dipuntegesi anggènipun mbabar wong loro. Tegesipun dumadosipun ponang jabang bayi punika awit saking pakartinipun tiyang kalih inggih punika bapa lan ibu.
- Jenang sungsum lan bubur sungsum
  Sungsum punika lambang kekiyatan, minangka wujud panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi-mugi calon ibu dipunparingi kekiyatan ngantos dumugi wancinipun nglairaken.
- Jenang laré
  Kadamel saking kanji ingkang pinetha anak-anakan (*boneka*). Mujudaken caos uninga bilih sakedhap malih kulawarga punika badhé kagungan putra.

8. Tumpeng Damar

Damar utawi diyan utawi lampu, punika mujudaken panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi-mugi kulawarga ingkang nembé nindakaken upacara tingkeban tansah kaparingan pepadhang. Ugi mugi-mugi laré ingkang kakandhut ing mangkénipun Sageda tansah dados pepadhang tumrap tiyang-tiyang sakanan kèringipun.

9. Pring Sadhapur

Pring punika basa kramanipun deling, mila calon ibu kedah *kendel lan éling*. Kekendelan kanggé ngadhepi perang sabil (nglairaken) ingkang tansah sinarengan éling dhateng ngarsa dalem Allah.

10. Babon Angrem

Wujudipun saking ayam babon ingkang dipundamel ingkung. Minangka pralambang bilih satunggaling ibu nembé nggarbini lan sampun siyaga badhé nglairaken.

11. Pasung

Jenang ingkang dipunbuntel ron pisang ingkang wujudipun kados kukusan alit. Minangka pralambang wujuding lingga (planangan).

12. Kupat Plethèk

Kupat ingkang dipunsigar lan dipunwur-wuri abon. Minangka pralambang yoni (pawadonan).

13. Apem

Apem punika saking basa Arab '*afuwun*' tegesipun pangapunten. Ngémutaken dhateng calon ibu (ingkang nggarbini) bilih gesang punika boten Saged uwal saking kalepatan. Pramila kanggé ngadhepi perang sabil calon ibu kedah nyuwun pangapunten dhateng garwanipun lan tiyang sepuhipun kalebet marasepuhipun, amrih anggènipun nglairaken kaparingan gampil.

14. Cenil lan Klepon

Kadamel saking ketan, mujudaken pandonga amrih kulawarga ingkang nembé tingkeban punika tansah raket, nyawiji boten wonten cecongkrahan.

15. Srinthil lan Thiwul

Wujud lambang prasaja, awit srinthil lan thiwul punika dhaharan ingkang mirah. Srinthil punika ugi dipuntegesi sumrinthil (rukun).

16. Kacang Panjang, Lobak, Kubis, Lembayung

Minangka wujud kemakmuran, pandonga dhumateng Gusti Allah supados kulawarga ingkang nembé nindakaken tingkeban kaparingan kemakmuran.

17. Sekul Gurih

Nglambangaken tetedhan. Mugi-mugi kulawarga ingkang nembé nindakaken tingkeban boten badhé kekirangan tedha lan tansah dipuncekapi déning Gusti Allah.

18. Woh-wohan

Mujudaken donga pamuji mugi-mugi punapa ingkang dipunsedya wonten wohipun (kasil).

19. Lampahing Upacara Tingkeban

Sungkeman, ingkang nindakaken sungkem inggih punika calon ibu (ingkang nembé nggarbini). Upacara punika katindakaken kanggé ngaturaken sungkem, nyuwun pangapunten lan nyuwun donga pamuji miwah pangèstu. Wondéné ingkang dipunsungkemi kanthi urut inggih punika:

- Dhateng garwanipun (calon bapak)
- Dhateng marasepuh kakung (bapakipun calon bapak)
- Dhateng marasepuh putri (ibunipun calon bapak)
- Dhateng bapakipun
- Dhateng ibunipun.

TATA CARA LAMPAHIPUN ADICARA UPACARA MITONI

1. Siraman

Calon ibu lenggah wonten ing dhingklik ingkang sampun dipuncawisaken. Salajengipun dipunsiram kanthi urut déning :

a. Marasepuh kakung (bapakipun calon bapak)
b. Marasepuh putri (ibunipun calon bapak)
c. Bapakipun
d. Ibunipun.
e. ....
f. ....
g. ....

Paraga ingkang nyirami nomer 5 dumugi 7 punika Saged katindakaken déning para sepuh ingkang tasih kalebet kulawarga, manawi boten wonten, inggih Saged kajangkepaken para sepuh ing laladan ngriku.

2. **Sesuci lan pecah pamor**

Katindakaken déning calon ibu, kanthi sesuci ngginakaken toya saking kendhi ingkang dipuncuraken déning bapakipun. Manawi muslim anggènipun sesuci wudlu. Sasampunipun sesuci kala wau, kendhi lajeng kabanting ngantos pecah. Bapak ingkang mbanting kendhi wau kaliyan ngendika "niat ingsun ora mecah kendhi, nanging mecah pamoré putriku...." Pramila upacara punika sibut pecah pamor.

3. **Brojolan**

Pirantosipun tigan ayam. Nyamping lan kembenipun calon ibu dipunlonggaraken lajeng dipundhawahi tigan ing jajanipun. Tigan nglambangaken rah lan sungsum.

a. **Sigaran**

Pirantosipun degan. Degan kacawisaken lajeng calon bapak ngasta bendho kanggé mecah degan kala wau. Jaman semanten kanggé pratandha manawi anggènipun mecah sigaripun tengah mila putranipun wadon, manawi miring putranipun jaler. Manawi jaman sapunika USG.

b. **Nyampingan**

Nyamping sampun kacawisaken werni 7 lan gadhah teges piyambak-piyambak. Saben sampun ngagem nyamping lajeng pitaken dhateng ingkang rawuh "sampun pantes punapa dèrèng" lajeng ingkang rawuh mangasuli dèrèng. Wangsulan sampun pantes manawi sampun kaping pitu.

c. **Luwaran lan simparan**

Padharanipun calon ibu dipuntangsuli janur kanthi longgar. Calon bapak ngasta keris kyai brojol. Salajengipun calon bapak medhot janur kala wau ngginakaken keris. Minangka pralambang lamun sampun dipunbikak marginipun kanggé nglairaken, mila keris ingkang kaginakaken kyai brojol, amrih anggènipun lair mbrojol. Sasampunipun medhot janur, calon bapak lajeng mundur tigang jangkah lajeng mlajar lan nyampar/ nendhang klenthing (minangka gambaran bilih calon ibu nembe nggarbini badhé nglairaken ngedalaken toya kawah). Sasampunipun nyampar klenthing nyampar kurungan ayam ingkang salebetipun wonten ayamipun (kurungan nglambangaken padharanipun calon ibu, ayam nglambangaken jabang bayi).

d. **Wiyosan**

Pirantosipun cengkir gadhing cacah kalih ingkang sampun kagambari paraga wayang. Agemaning calon ibu dipunlonggari lajeng cengkir kalebetaken ing sangajenging jaja, lajeng kadhawahaken. Wondéné calon éyang putri (saking calon bapak) sampun siyaga

nampi ngginakaken sléndhang, punika dipunambali malih wondéné ingkang nampi calon éyang putri (saking calon ibu).

e. **Kudangan**

Ingkang nindakaken calon éyang kekalih ingkang nggéndhong cengkir. Kaémbakaken nggéndhong wayahipun lajeng dipunkudang kados déné ngudang laré.

f. **Bubukan**

Sasampunipun dipunkudang, lajeng cengkir ingkang dipunémba laré kala wau dipunpapanaken ing patileman.

g. **Kembulan lan unjukan**

Calon ibu lan calon bapak dhahar kembulan.

h. **Kukuban**

Sadaya ageman ingkang tasih wonten ing papanipun wau dipunpendheti déning calon ibu lan calon bapak lajeng kapapanaken ing kamar. Nggambaraken manawi calon ibu sampun badhé angrem lan momong putra.

i. **Rencakan**

Sadaya ubarampé lan piranti ingkang wonten, kanggé rebatan sadaya ingkang sami rawuh lan mirsani.

j. **Rujakan lan dhawetan**

Calon bapak lan calon ibu dhahar rujak sinambi ngunjuk dhawet. Semanten ugi ingkang sami rawuh.

Gladhen 1

A. Wangsulana Pitakènan punika!

1. Punapa ingkang dipunwastani tingkeban utawi mitoni?
2. Sinten ingkang kedah nindakaken tingkeban utawi mitoni punika?
3. Punapa kémawon ingkang dipunbetahaken rikala ngawontenaken adicara tingkeban punika, kababarna kanthi basa ingkang saé!
4. Kababarna kanthi cekak aos reroncèning adicara tingkeban utawi mitoni punika!
5. Kadospundi kahanan adicara mitoni ing jaman punika?

Gladhen 2

Kadamela kelompok, lajeng katindhakaken simulasi utawi praktek upacara tingkeban!

1. **Tembung Camboran**

   Inggih punika wujuding tembung ingkang kedadosan saking kalih tembung ingkang tegesipun beda lan nuwuhaken teges satunggal ingkang enggal.

   Tuladhanipun: randha royal, semar mendem, kuping gajah, lan sapanunggalanipun.

   Tembung camboran kapérang dados kalih:

   a. Camboran wutuh, tuladhanipun: naga sari, semar mendem
   b. Camboran tugel, tuladhanipun: bangjo, burjo, joktèng, pakdhé, bulik, lan sapanunggalanipun.

2. **Tembung Saroja**

   Inggih punika kalih tembung ingkang tegesipun sami utawi mèh sami kaginakaken sesarengan wonten ing ukara, kalih tembung wau mujudaken pasangan ingkang sampun gumathok lan tegesipun boten éwah.

   Tuladhanipun: sato kéwan, jalma manungsa, tumpang tindhih, tumpuk undhung, lan sapanunggalanipun.

3. **Tembung Garba**

   Inggih punika wujuding tembung ingkang kedadosan saking kalih tembung kadadosaken satunggal kanthi nyuda cacahing wanda (suku kata).

   Tuladhanipun: jalwèstri, praptèng, naréndra, mardikèng, lsp.

   jalu + èstri (4 wanda Utawi suku kata) : jalwèstri (3 wanda utawi suku kata)

   nara + Indra (4 wanda) : naréndra (3 wanda)

4. **Tembung Wancahan**

   Inggih punika tembung ingkang dipuncekak utawi dipunwancah kanthi ngicali sawetawis wanda saé ingkang wanda ngajeng utawi wanda wingking. Tembung ingkang asring kawancah inggih punika namaning tiyang, namaning papan panggènan, rikalanipun étang-étang. Tuladhanipun:

   - **Sujuti** dados **Yut** utawi **Yuti** utawi **Suyut**
   - **Imagiri** dados **Magiri**

WULANGAN 4
AKSARA JAWA



Sumber: *www. aksarajawa.com*

Kompetensi Dasar
3.4 Menganalisis wacana beraksara Jawa yang berisi ajaran moral.

A. Aksara Jawa

Kawaosa kanthi permati!

Basa punika salah satunggaling olah budaya manungsa, ingkang kawitan wonten gandhèng cènèngipun kaliyan manungsa setunggal lan sanèsipun salebeting bebrayan ageng, awit lumantar basa punika antawisipun si A lan si B saged tetepungan, caturan, lan celathon.

Bebrayan ageng Jawa punika tiyang-tiyang ingkang manggèni tlatah Jawa Dwipa utawi Nusa Jawa siring madya mangétan. Tiyang Jawa rikala rumiyin sampun ngginakaken basa Jawa nanging temtu kémawon basa Jawa ingkang kaginakaken bènten kaliyan basa Jawa ingkang wonten sapunika. Miturut pemanggihipun Zoetmulder (1994 : 3-4) basa Jawa kaginakaken ing tlatah Nusa Jawa udakawis warsa 804 Masehi. Pemanggih punika adhedhasar

prasasti Sukabumi. Prasasti punika prasasti ingkang sampun ngginakaken basa Jawa, awit prasasti-prasasti ingkang pinanggih sadèrèngipun prasasti punika taksih ngginakaken basa Sansekerta (basa ingkang kaginakaken déning para brahmana saking nagri Hindustan utawi India).

Wontenipun prasasti Sukabumi ingkang sampun ngginakaken basa Jawa punika pramila para sarjana lajeng mratèlakaken bilih warsa 804 Masehi minangka pèngètan wontenipun basa ingkang sanès basa saking Hindustan ingkang kaginakaken déning tiyang Jawa. Salajengipun basa ingkang kaginakaken salebeting prasasti Sukabumi punika winastan basa Jawa Kina (kawi). Kanggé gladhèn maos wacana Aksara Jawa, prayogi cobi waosan seratan Jawa ngandhap punika kawaosana.

Wacana angka 1, *kapethik saking Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 23. Kanthi kaéwahan saprelunipun.*



[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]

[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	-
[illegible]	[illegible]	-
[illegible]	[illegible]	-
[illegible]	[illegible]	-
[illegible]	[illegible]	-
[illegible]	[illegible]	-
[illegible]	[illegible]	-
[illegible]	[illegible]	-

Wacana angka 2, *kapethik saking Serat Wéddhasangkala, Le Druk Uitgeverij en Boekhandel Stoomdrukkerij "De Bliksem" Solo 1928.*

[illegible]

Wacana aksara Jawa ing inggil punika kacithak ing taun 1912 lan 1928 Masèhi, punika ateges 14 taun sadèrèngipun paugeran panyeratan aksara Jawa kakepyakaken, mila sapérangan tata paugeranipun wonten ingkang boten kalestantunaken ing paugeran Sriwedari, sinaosa kathah ugi ingkang dados baboning paugeran ingkang kakepyakaken lumantar Poetoesan Prepatan Koemisi Kasoesastran ing Sriwedari Soerakarta taun 1926.

Wondéné tata panyeratan ingkang nyebal saking wawaton Sriwedari lan sampun boten kaginakaken malih ing antawisipun panyeratan tembung :

Panyeratan ing wacana	Manut Paugeran Sriwedari	Katrangan
		Tata panyeratan **mustika** mawi *sasapa* ngaten punika nulad saking tata paugeran jaman Kawi, nalika aksara sa sigeg kapasangan aksara saking warga danta, aksara sa sigeg kalawau salin dados aksara *sasapa* (sa kembang).
		Tata panyeratan **ngundhuh** mawi *na murda (mahaprana)* ngaten punika nulad saking tata paugeran jaman Kawi, nalika aksara na sigeg kapasangan aksara saking warga danta, aksara na sigeg kalawau salin dados aksara *na murda* (*mahaprana*).

Panyeratan ing wacana	Manut Paugeran Sriwedari	Katrangan
		Tata panyeratan **kendhat** mawi *na murda (mahaprana)* ngaten punika nulad saking tata paugeran jaman Kawi, nalika aksara na sigeg kapasangan aksara saking warga danta, aksara na sigeg kalawau salin dados aksara *na murda* (*mahaprana*).
		Ing tata paugeran Sriwedari bab panulising aksara murda kanggé pangaosing dhiri kados makaten punika taksih kalestantunaken, kepara taksih katulad ugi ing tata paugeran KBJ.

Bab prekawis tata panyeratan ingkang makaten, salah satunggalipun kaserat ing babagan bab X Poetoesan Parepatan Koemisi Kasoesastran ngèngingi bab aksara murda, kados makaten :

1. Aksara murda namung kanggé wonten ing tata prungu, tegesipun kanggé pakurmatan, seseratan sanèsipun boten kénging nganggé aksara murda wau.
2. Boten ngawontenaken aksara murda fa/va lan bha.
3. Seratan kados déné

Seratan	Kedah kaserat

Tata panyeratan Sriwedari inggih ngéwahi sapérangan tata panyeratan jaman Kawi (kados ingkang kapacak ing serat Mardi Kawi), bab tata panyerating tembung kalih lan tigang wanda ingkang nglegena, kadosdéné :

Seratan	Kaserat
[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]

Salebeting rantamaning aksara Jawa ingkang énggal, tegesipun sasampunipun aksara punika karéka malih urut-uruting aksara, kados ingkang kapyarsa sapunika, kapantha malih wonten aksara murda, tegesipun murda punika sepuh, liripun aksara murda punika èstunipun aksara-aksara ingkang rikala semanten lan rumiyinipun kaginakaken salebeting panyeratan basa Kawi, nanging rikala weton Sriwedarèn aksara murda lajeng namung kaprayogèkaken minangka seseratan ing tata prungu lan pangaos tumraping pribadi, lajeng banjur kaprah kasamèkaken kaliyan Kapital Jawa, kamangka aksara Jawa punika boten wonten istilah kapital kadosdéné aksara Latin.

Aksara murda utawi ugi winastan aksara mahaprana rumiyinipun kanggé nyerat tetembungan basa Kawi (Jawa Kina), wondéné wujudipun aksara-aksara punika kados ing andhap punika :

1. Aksara [sa] gadhah tiga wanda Aksara kanggé mbédakaken tigang kecaping aksara [sa] inggih punika ;

   a. Aksara [illegible] dantya → [illegible] → sa

   b. Aksara [illegible] mūrdhanya → [illegible] → ça/ śa

   c. Aksara [illegible] talawya → [illegible] → ṣa

   Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, tigang aksara [sa] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha ;

   a. [illegible] → [illegible] → *sura* → dewa

   b. [illegible] → [illegible] → *surá* → Arak

   c. [illegible] → [illegible] → *śūra* → Wani

2. Aksara [ta], gadhah tigang wanda aksara kanggé mbédakaken tigang kecaping aksara [ta] inggih punika ;

   a. Aksara ꦠ dantya alpaprana → ꦠ → ta

   b. Aksara ꦛ dantya mahaprana → ꦛ → ṭa

   c. Aksara ꦝ mūrdhanya → ꦝ → tha

   Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, aksara[ta] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha;

   a. ꦲꦱ꦳ → *asta* → inggih punika

   b. ꦲꦱ꦳ → *astha* → balung

   c. ꦲꦱ꦳ → *hasta* → asta

   d. ꦲꦱ꦳ → *aṣṭa* → wolu

3. Aksara [da] gadhah kalih wanda aksara kanggé mbédakaken kalih kecaping aksara [da] inggih punika;

   a. Aksara ꦢ dantya → ꦢ → da

   b. Aksara ꦡ dantya mahaprana → ꦡ → dha

   Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, aksara [da] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha ;

   a. ꦢꦤ → *dana* → sakit

   b. ꦢꦤꦴ → *dāna* → pawèwèh

   c. ꦡꦤ → *dhana* → bandha

4. Aksara [na] gadhah kalih wanda aksara kanggé mbédakaken kalih kecap aksara [na] inggih punika ;

   a. Aksara ꦤ dantya → ꦤ → na

   b. Aksara ꦤ mūrdhanya → ꦤ → ṇa

Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, aksara [na] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha ;

a. [illegible] → *gana* → langit

b. [illegible] → *gaṇa* → golongan

5. Aksara [pa] gadhah kalih wanda aksara kanggé mbédakaken kalih kecaping aksara [pa] inggih punika ;

a. Aksara [illegible] osthania → [illegible] → pa

b. Aksara [illegible] murdania → [illegible] → pha

Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, aksara [pa] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha ;

a. [illegible] → *pala* → bahu

b. [illegible] → *pâla* → bocah angon

c. [illegible] → *phala* → woh/kasil

6. Aksara [ba], gadhah kalih wanda aksara kanggé mbédakaken kalih kecaping aksara [ba] inggih punika ;

a. Aksara [illegible] osthania → [illegible] → ba

b. Aksara [illegible] murdania → [illegible] → bha

Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, aksara [ba] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha ;

a. [illegible] → *suba* → sampun

b. [illegible] → *śubha* → saé utawi apik

7. Aksara [ka] gadhah kalih wanda jinis aksara kanggé mbédakaken kalih kecaping aksara [ka] inggih punika ;

a. Aksara [illegible] kanthania → [illegible] → ka

b. Aksara [illegible] murdania → [illegible] → kha

Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, aksara [ka] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha ;

a. [illegible] → *saka* → saka

b. [illegible] → *sakhâ* → kanca

8. Aksara [ga] gadhah kalih wanda jinis aksara kanggé mbédakaken kalih kecaping aksara [ga] inggih punika ;

a. Aksara [illegible] kanthania → [illegible] → ga

b. Aksara [illegible] murdania → [illegible] → gha

Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, aksara [ga] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha ;

a. [illegible] → *gata* → késah

b. [illegible] → *ghaṭa* → prigi

9. Aksara [ja] gadhah kalih wanda aksara kanggé mbédakaken kalih kecaping aksara [ja] inggih punika ;

a. Aksara [illegible] talawya → [illegible] → ja

b. Aksara [illegible] murdania → [illegible] → jnya

Sanèsipun kanggé mbédakaken kecap, aksara [ja] ing inggil punika ugi ginanipun kanggé mbédakaken tegesing tembung, tuladha ;

a. [illegible] → *prajna* → keindahan

b. [illegible] → *praja* → negara

MARDI KAWI	SRIWEDARI	KBJ
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]

MARDI KAWI	SRIWEDARI	KBJ
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	[illegible]

MARDI KAWI	SRIWEDARI	KBJ
[illegible]	[illegible]	[illegible]

Gladhen 1

A. [illegible]

.....

.....

.....

B. [illegible]

.....

.....

.....

C. [illegible]

[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....

Peprincèn Jinising Tembung

Ing Basa Jawa, warni-warnining tembung kaprinci dados 9 golongan, inggih punika:

1. Tembung Kriya
2. Tembung Aran
3. Tembung Kahanan
4. Tembung Katrangan
5. Tembung Sesulih
6. Tembung Wilangan
7. Tembung Panggandhêng
8. Tembung Panyambung
9. Tembung Panguwuh

1. Tembung Kriya

Inggih punika sadaya tembung ingkang mratélakaken solah bawa utawi tandang damel. Wonten ing ukara tembung kriya limrahipun nglenggahi minangka wasesa, kadosta: mangan, nulis, nggambar, lsp. Minangka wasesa, wonten ingkang kedah kajangkepi lésan, wonten ingkang boten mbetahaken lésan.

a. Tembung kriya tanpa lésan, wujudipun:
   1) Lingga, kadosta: adus, linggih, turu, dandan, tangi, udud, lsp.
   2) Tanduk (kriya wantah, -i kriya), kadosta: mbapa, mbatur, nyambel, mojok, mbodoni, ndésani, nglarani, mathuki, ngemohi, lsp.
   3) Bawa (kuma, kami, ha, ma), kadosta: abebed, akembang, medhukun, meguru, munggah, mundur, lsp).
   4) Rangkep, kadosta tetuku, gegriya, tetamba, omah-omah, udan-udan, lsp.

b. Tembung kriya mawa lésan, wujudipun:
   1) Lingga, kadosta: adol, tuku, gawé, lsp.
   2) Tanduk (kriya wantah, -i kriya, ké kriya)
      a) nuthuk, nepang nggebug
      b) nggarani, nangisi, nglungani
      c) nggawakaké, nukokaké, mlayokaké.

2. **Tembung Aran**

Ingkang kasebat tembung aran inggih punika namaning sadaya barang punapa kemawon ingkang kaangep barang. Wonten ing ukara tembung aran saged nglenggahi minangka jejer utawi lésan,

tuladhanipun:

Sepedha motor nubruk **pager**.

Sepedha motor lan **pager** punika kekalihipun tembung aran.

3. **Tembung Kahanan**

Ingkang kasebat tembung kahanan inggih punika sakathahing tembung ingkang mratélakaken kados pundi kawontenanipun barang. Tuladhanipun:

a. Kembang **abang.**
b. Omah **gedhé.**
c. Bocah **nakal.**

Tembung abang, gedhe, lan nakal menika ingkang dipunwastani tembung kahanan, awit nedahaken kados pundi kawontenanipun kembang, omah, saha bocah.

WULANGAN 5

MACAPAT

Sumber: *krjogja.com*

Kompetensi Dasar

3.5 Melagukan dan memahami nilai-nilai tembang macapat Sinom dari serat Kalatidha.

Macapat Sinom

Kawaosa kanthi permati!

SINOM, Cengkok: Logondhang, Laras: Pélog, Pathet: Nem

2̇	3̇	3̇	3̇	2̇	i̇	i̇	i̇	.	0
A	me	na	ngi	ja	man	é	dan		
5	6	i̇	i̇	i̇	i̇	2̇ 3̇	2̇ i̇	.	0
Ê	wuh	a	ya	ing	pam	bu	di		

3̇ 2̇ 3̇ 1̇ 6 5 5 6 5 . 0

Mèlu ngé dan no ra ta han

5 5 5 6 5 3 2 3 2 1 . 0

Yèn tan mè lu a ngla ko ni

3 5 5 5 6 5 6 1̇ . 0

Bo ya ka du man me lik

3̇ 3̇ 1̇ 2̇ 6 5 6 5 3 . 0

Ka li ren we ka san ni pun

3 3 3 2 2 3 2 1 . 0

Di la lah kar sa A llah

1 2 3 5 3 2 3 2 1 . 0

Beg ja beg ja né kang la li

1̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 3̇ 1̇ 2̇ 1̇ 6 5 . 0

Lu wih beg ja kang é ling la wan was pa da

(*Cakepan kapethik saking Serat Kalatidha ; pupuh Sinom ; pada 7*)

Radèn Ngabèhi Ranggawarsita (14 Maret 1802 - 24 Desember 1873), punika pujangga pinunjul budaya Jawa saking kulawarga pujangga kraton Surakarta Hadiningrat ingkang misuwur, inggih punika kulawarga Yasadipura. miyos kanthi asma **Bagus Burhan** ing tanggal 10 dinten Senèn Legi, wulan Dulkaidah, taun Bé 1728, wanci jam 12 awan. Bagus Burhan punika putra pambarep saking Mas Ngabèhi Yasadipura II (langkung kawentar minangka Pajangswara utawi Pajangsora), abdi dalem Panèwu Carik Kadipatèn Anom. Ibu Radèn Ngabèhi Ranggawarsita inggih punika putri saking Mas Ngabèhi Suradirja Gantang ingkang wasis sanget tembang macapat gaya palaran. Sasampunipun dipunsapih Bagus Burhan lajeng dipunmong déning Empu Tanujaya.

Sasampunipun yuswa 12 taun, Bagus Burhan ingkang dèrèng saged maos Kitab Al Qur'an, lajeng kadhawuhan dhateng Panaraga saperlu meguru ngaji marang Kanjeng Kyai Imam Besari ing Gebang Tinatar. Nanging dhasaripun laré nakal lan ugungan, sampun langkung saking setaun anggènipun ngaji, Bagus Burhan dèrèng khatam Al Qur'an, sampun malih kok Al Qur'an, turutan mawon ugi dèrèng khatam. Siyosipun, déning ingkang ngembani inggih punika Ki Tanujaya, Bagus Burhan dipunajak ngumbara, késah dhateng tlatah Kedhiri, nanging pungkasanipun wangsul malih dhateng pesantrèn ing Panaraga. Sasampunipun dinukan déning Kanjeng Kyai, lan dipunlulu manawi kepéngin dados warok Kanjeng Kyai ugi sanggah dadi lantaran, Bagus Burhan ngraos lingsem sanget lajeng nangis, lan wiwit ènget ing purwa daksina. Amargi lingsem lajeng mantuk dhateng Surakarta manawi boten ènggal saged ngaji, Bagus Burhan lajeng nglampahi tirakat, inggih punika kanthi tapa kungkum ing Kali Watu sajroning sekawan dasa dinten, lan sedinten namung dhahar gedhang watu mentah sawiji. Sasampunipun tirakat sekawan dasa dinten dangunipun, Bagus Burhan lajeng nampi kanugrahan dados saged lancar ngaji, malah karengkuh minangka bahu tengenipun Kanjeng Kyai Imam Besari.

Sasampunipun kondur saka Panaraga, Bagus Burhan lajeng pinasrahan supados ngèngèr ngabdi dhateng Gusti Panembahan ing Buminatan. Salebeting ngabdi kalawau Bagus Burhan saged mranani penggalihipun Gusti Panembahan satemah dipunparingi kanugrahan "pusaka" saking Sri Baginda Pakubuwana III, inggih punika arupi kasektèn kanggé nulak sakathahing sedya ala. Sanèsipun punika ugi kanugrahan ngélmu saged ngendhalèni kakuwataning jasmani lan rohani sarta kalantipan panca indra. Pungkasanipun ing dinten Senèn Pahing surya kaping 4 Sapar taun Alip 1747, utawi netepi candrasangkala *Amuji suci pandhitaning ratu*, Bagus Burhan saged dipunangkat dados juru carik Kadipatèn kanthi asma Rangga Pujangganom.

Kanggé mimbuhi ngélmu lan kawruhipun, Bagus Burhan utawi Mas Rangga Pujangganom, lajeng késah meguru malih dhateng padhépokan Kyai Ajar Sidalaku ing Tabanan, Bali. Ing padhèpokan punika Mas Rangga Pujangganom pinaringan ngélmu pandeleng batin. Miturut Kyai Ajar, kalamun ngélmu punika dipunpatrapaken bakal saged mangertos bab ingkang dèrèng linampah, lan Mas Rangga Pujangganom bakal dados sumbering ngélmu kawruh lan ngélmu kawicaksanan satemah bakal dados pandhita utawa pujangganing negara. Mas Rangga Pujangganom ugi dipunwedhar serat-serat Jawa kuna kang sinerat ing rontal utawi dluwang, inggih punika naskah ingkang ginubah déning para empu, antawisipun serat Ramadéwa, Bimasuci, Bharatayuddha, Darmasarana, Aji pamasa, lan sapanunggalanipun. Serat-serat punika taksih sinerat salebeting Sekar Ageng, nanging Kyai Ajar pitados manawi Mas Rangga Pujangganom bakal saged njarwakaken salebeting basa Jawa ingkang limrah dipunmangertosi ing akathah. Karya sastra ingkang sinerat déning Mas Rangga lan kawentar ing antawisipun : Serat Pustaka Raja Purwa, Serat Sabdatama, Serat Kalatidha, Serat Sabda Jati, Serat Wirid Hidayat Jati, Serat Jaka Lodhang, Serat Wédharaga, Serat Mayangkara, Serat Ajidharma- Ajinirmala, lan taksih kathah malih sanèsipun.

(Kopethik saking: http://jv.wikipedia.org/wiki/Macapat, kanthi éwah - éwahan saperlunipun.)

Serat Kalatidha punika sawijining tembang anggitanipun Ranggawarsita. Isinipun bab perkawis pasambatipun yèn ing jaman semanten tiyang kedah tumut-tumut perkawis ingkang kalebet ala supados saged 'majeng'. Tembang macapat punika kaserat ing pupuh Sinom sadaya, lan wonten 12 pada gunggungipun. Serat Kalatidha kaserat ing taun 1860 Masehi. *Kalatidha* punika salah satunggaling karya sastra Jawa ingkang kawentar, malah ngantos sapunika taksih kathah tiyang Jawa, utamanipun kadang kasepuhan takasih kathah ingkang ènget sinaosa paling boten namung sapada tembang, mliginipun ing pada kaping pitu.

Kalatidha kuwi dudu karya Rangga Warsita kang paling dawa. Syair iki gunggunge mung ana 12 jroning *metrum* Sinom. *Kala tidha* sacara harafiah tegesé "jaman édan", kaya kang ditulis déning Rangga Warsita dhéwé. Kocap kacarita, Rangga Warsita nulis syair iki nalika pangkaté ora diundhakaké kaya kang dikarepaké. Banjur panjenengané gawé generalisasi saka kahanan iki, lan nganggep sacara umum yèn jaman nalika semana minangka jaman édan lan krisis. Wektu kuwi Rangga Warsita minangka pujangga karajan ing Kraton Kasunanan Surakarta. Panjenengané kuwi *pujangga panutup* utawa "pujangga pungkasan", awit sawisé kuwi ora ana "pujangga karajan" manèh.

Sekar *Kalatidha* saded kapérang dados tigang pérangan, inggih punika : pérangan kapisan arupi pada 1 ngantos 6, pérangan kaping kalih arupi pada 7, lan pérangan kaping tiga arupi pada 8 ngantos 12. Pérangan pisanan inggih mangsa ingkang miturut Rangga Warsita arupi kahanan tanpa landhesan. Pérangan kaping kalih isinipun tekad lan mawas dhiri. Pérangan kaping tiga isinipun patrap ingkang jumbuh marang agama samadyaning bebrayan ageng. Ing andhap punika Serat Kalatidha pada 1 – 12:



Gladhen I

A. [illegible]

B. [illegible]

[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....

[illegible]	[illegible]	[illegible]
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....
[illegible]	[illegible]	.....

Kawruh Tembung

1. Tembung Katrangan

Tembung katrangan inggih punika tembung ingkang maringi katrangan dhateng wasésa utawi tembung sanèsipun kajawi tembung aran, awit menawi nerangaken tembung aran badhé dados tembung kahanan.

Tembung katrangan kapantha dados 4, inggih punika:

a. Tembung katrangan ingkang mratélakaken wekdal utawi titi mangsa, ing antawisipun: arep, bakal, lagi, nedheng-nedhengé, engah-nengahi, wis, mentas, bar, lan sapanunggalanipun.
   1) Arif **arep** mangan.
   2) **Bakal** dadi apa bocah kang ora gelem sekolah iku.
   3) Tari **lagi** mangan tempe.

b. Tembung katrangan ingkang mratélakaken papan utawi panggènan, ing antawisipun: kéné, kono, lan kana.

c. Tembung katrangan ingkang mratélakaken nyata lan botenipun tumindak, ing antawisipun: nyata, sabeneré, mesthi, embuh, ayaké.

2. **Tembung Sesulih**

Tembung sesulih punika tembung ingkang kanggé nyulihi barang ingkang sampun dipunmangertosi supados boten wongsal-wangsul nyebat namaning barang wau. Jinising tembung sesulih:

a. Tembung sesulih tiyang, ing antawisipun:
   1) sesulih tiyang kapisan: aku, kula, ingsun, ingwang, ingong, abdidalem, adalem, menira.
   2) sesulih tiyang kaping kalih: kowe, sampeyan, panjenengan, panjenengan dalem, sampéyan dalem, dika, samang, pakenira.
   3) sesulih tiyang katiga: dhèwèké.
b. Tembung sesulih ingkang mratélakaken dunungé barang, ing antawisipun: iki, iku, kaé, ika, nika, niku, niki, lsp

3. **Tembung Wilangan**

Tembung wilangan kagolongaken wonten kalih, ingih punika:

a. Tembung wilangan ingkang mratélakaken cacahing barang, ing antawisipun: siji, loro, telu, lsp
b. Tembung wilangan ingkang mratélakaken pepangkatan, ing antawisipun: kapisan, kapindho, katelu, lan sapanunggalanipun.

4. **Tembung Pangandhèng (Tembung Lantaran)**

Tembung pangandheng ing antawisipun: ing, menyang, saka, kanggo, tumrap, karo, kanthi, minangka, déning, miturut, atas, mirid, wiwit-tekan, lan sapanunggalanipun.

5. **Tembung Panyambung (Pangiket)**

Tembung panyambung ingkang kagolongaken:

a. Panyambung minangka gathuking pamanggih, ing antawisipun: lan, karo, saha, tuwin, sumawana.
b. Panyambung sebab akibat, ing antawisipun: sebab, karana, marga, jalaran, lan sapanunggalanipun.
c. Panyambung kosok balèn, ing antawisipun: nanging, senajan, éwa déné, éwa semana, mangka, lan sapanunggalanipun.
d. Panyambung titi mangsa, ing antawisipun: nalika, kapan, sajroné.

Penilaian Akhir Tahun

A. Kawangsulana pitakènan punika kanthi cara miji wangsulan A, B, C, D, utawi E ingkang leres!

1. Upacara adat ingkang katindakaken déning tiyang Jawa kanggé putra ingkang ngancik umur 7 lapan inggih punika upacara ....
   A. selapanan
   B. sepasaran
   C. supitan
   D. tedhak sitèn
   E. mitoni
2. Tumrapipun tiyang Jawa, maringi nama dhateng putra/laré punika katindakaken rikala nyarengi upacara ...
   A. brokohan
   B. sepasaran
   C. selapanan
   D. tedhak sitèn
   E. ruwatan
3. Tumrap tiyang Jawa, tiyang ingkang sampun séda punika kedah dipunwilujengi kanthi pamrih nyuwunaken pangapunten dhumateng Gusti Ingkang Murbèng dumadi supados sadaya dosa-dosanipun ingkang séda kala wau dipunapunten. Wilujengan kanggé tiyang séda ingkang katindakaken sasampunipun upacara pametaking (panguburing) layon kasebat ....
   A. telung ndinan
   B. pitung ndinan
   C. patang puluhan
   D. satusan
   E. surtanah
4. Upacara adat ingkang ajeg katindakaken déning kulawarga ageng kraton Ngayogyakarta ing saben wulan Mulud kanggé mèngeti dinten wiyosanipun Kanjeng Nabi Muhammad inggih punika upacara adat ....
   A. labuhan
   B. bekakak
   C. sekatèn
   D. kirab kyai plèrèt
   E. jumenengan

5. Upacara tingkeban katindakaken déning tiyang Jawa ingkang nggarbini. Upacara punika katindakaken gadhah ancas ...
   A. ngaturaken syukur dhateng Gusti Allah lan nyuwun kawilujengan
   B. suka-suka awit sampun kasil ngandhut
   C. paring pawartos dhateng tangga tepalih manawi yuswa kandhutanipun sampun pitung wulan
   D. nyuwun pangreksanipun dhateng para dhanyang
   E. nglempakaken para sanak sadhèrèk
6. Upacara tingkeban limrahipun katindakaken rikala ...
   A. ngandhut ingkang sepisanan yuswa 7 wulan
   B. ngandhut ingkang kaping kalih yuswa 5 wulan
   C. ngandhut ingkang kaping gangsal yuswa 7 wulan
   D. ngandhut ingkang kaping pitu yuswa 3 wulan
   E. ngandhut ingkang kaping sanga yuswa 7 wulan
7. Pamilihing dinten kanggé nindakaken upacara tingkeban déning tiyang Jawa limrahipun ing dinten .....
   A. Senèn malem Slasa utawi Slasa siang lan Slasa malem Rebo utawi Rebo siang
   B. Senèn malem Slasa utawi Slasa siang lan Rebo malem Kemis utawi Kemis siang
   C. Senèn malem Slasa utawi Slasa siang lan Kemis malem Jum'at utawi Jum'at siang
   D. Senèn malem Slasa utawi Slasa siang lan Jum'at malem Setu utawi Setu siang
   E. Senèn malem Slasa utawi Slasa siang lan Setu malem Minggu utawi Minggu siang
8. Ing upacara tingkeban kaginakaken satunggaling pirantos ingkang kanggé papan utawi wadhah toya ingkang kanggé siram calon ibu, pirantos kala wau namanipun ...
   A. pengaron
   B. klenthing
   C. èmbèr
   D. kendhi
   E. siwur
9. Toya ingkang kanggé siram calon ibu kaparingan sekar setaman, déné ingkang limrah kaginakaken utawi sinebut sekar setaman inggih punika ...
   A. mawar, mlathi lan telasih
   B. mawar, kenanga, lan telasih
   C. mawar, melathi lan kanthil
   D. semboja, kanthil, lan kenanga
   E. semboja, mlathi, lan kanthil.
10. Sadèrèngipun nindakaken siram ing upacara tingkeban, calon ibu lan calon bapak sungkem dhateng tiyang sepuhipun kekalih. Punika katindakaken kanggé...
   A. nyuwun pengèstu dhateng ingkang rama lan ibu

B. nyuwun pangapunten dhateng ingkang rama lan ibu
C. caos pangabekti dhateng ingkang rama lan ibu
D. mbuktèkaken manawi boten dados putra ingkang duraka
E. caos bekti, nyuwun pangapunten lan nyuwun pengèstu dhateng rama lan ibu

11. Sungkeman ing upacara tingkeban urutan ingkang nindakaken sungkem ingkang sepisanan inggih punika ...
A. Calon ibu lan calon bapak dhumateng bapakipun calon bapak
B. Calon ibu lan calon bapak dhumateng bapakipun calon ibu
C. Calon ibu lan calon bapak dhumateng ibunipun calon bapak
D. Calon ibu lan calon bapak dhumateng ibunipun calon ibu
E. Calon ibu dhumateng calon bapak

12. Rikala nindakaken siraman, ingkang nyirami calon ibu sepisanan inggih punika ...
A. calon bapak
B. bapakipun calon bapak
C. bapakipun calon ibu
D. ibunipun calon ibu
E. bapakipun calon ibu

13. Sasampunipun nindakaken siraman calon ibu lajeng sesuci, déné toya ingkang kanggé sesuci punika toya ingkang medal saking ...
A. klapa mudha
B. keran toya
C. èmbèr
D. siwur
E. kendhi

14. Sasampunipun nindakaken sesuci, ing upacara tingkeban lajeng katindakaken pecah pamor ingkang gadhah sedya ...
A. minangka pralambang mecah kawah utawi ketuban
B. minangka pralambang mbikak kori ingkang kanggé miyosipun jabang bayi
C. minangka pralambang kanggé mecah pamoripun calon ibu supados mencorong téjanipun
D. ngicali sadaya sesuker utawi rereged ingkang wonten ing jiwa raganipun calon ibu.
E. minangka pralambang panyuwunan supados ponang jabang bayi miyos kanthi pamor ingkang mencorong

15. Brojolan ing upacara tingkeban inggih punika ndhawahaken tigan ayam wonten ing sangajenging jajanipun calon ibu, punika gadhah pikajeng ...
A. supados tigan ayam wau pecah.
B. pralambang miyosipun ponang jabang bayi
C. pralambang miyosipun rah lan kawah
D. pralambang manunggaling wiji saking bapa lan ibu
E. pralambang panyuwunan supados rah lan sungsumipun calon ibu kaparingan kekiyatan.

16. Manawi jaman rumiyin rikala dèrèng wonten USG, kanggé ngintenginten putranipun jaler punapa èstri saged katindakaken rikala upacara tingkeban inggih punika ing acara ...
    A. luwaran
    B. simparan
    C. sigaran
    D. brojolan
    E. wiyosan
17. Kanggé pralambang donga panyuwunan dhateng Gusti supados putra ingkang kakandhut punika ing bénjangipun dadosa tiyang ingkang tansah bekti dhateng Gustinipun, calon ibu ngagem nyamping kanthi bathik ...
    A. truntum
    B. udan riris
    C. lasem
    D. dringin
    E. wahyu tumurun
18. Kanggé pralambang donga panyuwunan dhateng Gusti supados putra ingkang kakandhut punika ing bénjangipun dadosa tiyang ingkang gesangipun prasaja, migunani tumraping sasama, calon ibu ngagem nyamping kanthi bathik ...
    A. truntum
    B. udan riris
    C. lasem
    D. dringin
    E. wahyu tumurun
19. Kanggé pralambang donga panyuwunan dhateng Gusti supados putra ingkang kakandhut punika ing benjangipun dadosa tiyang ingkang damel remenipun ingkang sami tepang lan mirsani, saget damel tentreming swasana, calon ibu ngangem nyamping kanthi bathik ...
    A. truntum
    B. udan riris
    C. lasem
    D. dringin
    E. wahyu tumurun
20. Sasampunipun calon ibu nindakaken siraman, calon bapak nyepeng duwung utawi keris ingkang kaparingan kunir. Lajeng keris kala wau kanggé magas janur ingkang katangsulaken ing padharanipun calon ibu, salajengipun calon bapak mecah klenthing. Acara punika kasebat ...
    A. brojolan
    B. wiyosan
    C. kudangan
    D. rencakan
    E. luwaran lan simparan

21. Ing acara wiyosan pirantos ingkang kaginakaken ing antawisipun inggih punika cengkir gadhing cacah kalih ingkang ginambaran paraga ringgit/wayang. Paraga ingkang limrahipun kagambar inggih punika...
    A. Rama – Lesmana
    B. Kresna – Janaka
    C. Janaka – Sumbadra
    D. Subali – Dèwi Tara
    E. Bathara Kala – Dèwi Kamaratih
22. Minangka calon ibu ingkang nggarbini, sadaya pangucap lan panindak kedah kinanthènan raos manteb lan kebak ing pangatos-atos. Kanggé pralambang piwulang punika ing upacara tingkeban kawujudaken ubarampé ingkang wujudipun ...
    A. Jenang abang putih
    B. Jenang palang putih
    C. jenang palang abang
    D. jenang baro-baro abang
    E. jenang baro-baro putih.
23. Tiyang gesang punika boten uwal saking kalepatan, semanten ugi calon ibu ingkang nembé nggarbini. Pramila calon ibu kaprayogèkaken tansah puruna nyuwun pangapunten dhateng tiyang sepuh lan garwanipun. Kanggé pralambang piwucal punika ing upacara tingkeban kawujudaken ubarampé ingkang wujudipun ...
    A. pasung
    B. kupat plethèk
    C. cenil lan klepon
    D. srinthil thiwul
    E. apem
24. Minangka titahing Gusti, tiyang-tiyang Jawi tansah ngupaya amrih saget tansah bekti dhateng Ingkang Nitahaken lan tansah nyuwun supados tansah katedahaken dhateng margi ingkang lempeng. Pramila ing saben nindakaken upacara adat kalebet tingkeban,
    tiyang Jawi boten saged nilaraken ubarampé... pinangka pralambangipun.
    A. Sekar utawi kembang
    B. tumpeng
    C. kemenyan
    D. sekul
    E. lelawuhan
25. [illegible]
    A. [illegible]
    B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

26. [illegible]

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

27. [illegible]

A. Rening
B. Rèning
C. Rèhning
D. Rehning
E. Réhning

28. [illegible]

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

29. [illegible]

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

30. [illegible]

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

31. [illegible]

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

32. [illegible]

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

33. [illegible]

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

34. [illegible]

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

E. [illegible]

35. Kawaosa kanthi saksama!

Lumantar kula, ingkang sepisan Bapak Kaeroni sakulawarga ngaturaken kasugengan awit saking rawuh panjenengan sadaya, minangka cihnaning raos béla sungkawa dhumateng kulawarga ingkang saweg nandhang duhkita. Salajengipun bapak Kaeroni nyuwun

pangaksami bokbilih boten saged ngacarani piyambak lan mangayubagya rawuh panjenengan kanthi satrepipun, punapa malih boten saged atur papan tuwin palenggahan ingkang murwat.
Para takjiyah ingkang kinurmatan, keparenga kula paring uninga bilih . .
Pérangan sesorah ing inggil punika kalebet . . . . . .

A. pambuka
B. salam pambuka
C. pamuji syukur
D. panutup
E. wigatining sesorah

36. Kawaosa kanthi saksama!

Nuwun, bapak-bapak, ibu-ibu tuwin para rawuh kakung sumawana putri pambéla sungkawa ingkang winantu ing karaharjan.

Ing kalenggahan punika kula nampi jejibahan minangka sulih sariranipun Bapak Kaeroni sakulawarga ingkang nandhang sungkawa, tinilar déning bapak Surahman pisah salami-laminipun, sowan wonten ing pangayunaning Pangéran Ingkang Maha Kuwaos. Pramila, jalaran kawontenan lan bembeging penggalih Bapak Kaeroni boten saged matur piyambak wonten ing ngarsa panjenengan sadaya. Reroncèn tetembungan ing inggil trep dipunaturaken déning pamedhar sabda minangka paraga...

A. panatacara
B. wakil keluwarga panandhang
C. kulawarga panandhang
D. wakil pambéla sungkawa
E. sesepuh pangarsa kampung

37. Kawaosa kanthi saksama!

Para lenggah, para pepundhèn sepuh ingkang kinurmatan, lan adhik-adhik kancanipun Mas Suwartana ingkang kula tresnani. Sugeng sonten lan sugeng pepanggihan ing dalemipun Bapak Partasuharta saprelu paring berkah pangèstu badhé grésipun Nak Suwartana ing sonten punika. Kula ingkang tinanggenah ndhèrèkaken lampahing adicara keparenga . . . . . .
Reroncèn tetembungan punika dipunandharaken ing acara . . . . . .

A. ambal warsanipun laré
B. pahargyan temantén
C. pangrukti laya
D. ambal warsa pawiyatan
E. supitan

38. Kawaosa kanthi saksama!

Kula kinten cekap semanten atur kula, namung minangka cecala sadèrèngipun pirembagan salajengipun. Wusananipun, lampahing acara ing pepanggihan punika kula wangsulaken dhumateng panatacara. Matur nuwun. Pérangan sesorah punika dipunwastani . . . . . .

A. atur puji sukur
B. wasana basa
C. purwa basa
D. atur pamuji
E. surasa basa

39. Ingkang kedah dipungatosaken nalika sesorah inggih punika . . . . . .
A. anggènipun medhar pangandikan jumbuh kaliyan raosipun para rawuh
B. busananipun mlaha, boten kedah sopan
C. ngecakaken wicara, wirama, wiraga, lan wirasa nalisir saking isining sesorah
D. ngginemaken tiyang sanès, amargi remen rerasanan
E. mawi basa ingkang boten saé menawi paring tuladha kasaènan

40. Tembung {sesorah} punika lingganipun {sorah} lan kalebet tembung andhahan ingkang dhapukanipun . . . . . .
A. tembung camboran
B. tembung wuwuhan
C. tembung wancahan
D. tembung rangkep
E. tembung wod

Kagatosna balungan sesorah ngandhap punika!
(1) salam panutup
(2) surasa basa
(3) salam pambuka
(4) purwa basa
(5) wasana basa
(6) pangajab

41. Tata rakiting balungan sesorah ingkang limrah inggih punika . . . . . .
A. (3), (2), (4), (6), (5), lan (1)
B. (3), (4), (6), (2), (5), lan (1)
C. (3), (4), (2), (5), (6), lan (1)
D. (3), (6), (4), (2), (5), lan (1)
E. (3), (2), (4), (5), (6), lan (1)

42. Ing antawisipun cara ngaturaken sesorah ingkang saé kados kasebat ing ngandhap punika, *kejawi*. . . . . .
A. paraga maos isining sesorah ingkang sinerat, mertimbangaken para rawuh
B. paraga sawekdal-wekdal sampun samadya manawa kapiji
C. paraga saderma maos isining sesorah
D. paraga ngapalaken isining sesorah
E. paraga ngasta cengkorongan wosing sesorah

43. Paraga sesorah saged ngginakaken tembung, ukara, lagu, parikan, wangsalan, lan sapiturutipun ingkang ancasipun supados sesorah langkung saé. Bab punika gegayutan kaliyan . . . . . .
A. budaya-jiwa

B. basa-sastra
C. basa-swasana
D. swara-raga
E. swara-rasa

44. Amrih sesorah langkung resep utawi saé, paraga saged migunakaken astanipun, èsemipun, ngadi sarira lan ngadi busana ingkang saged ndadosaken paraga sesorah langkung manteb lan nengsemaken. Bab punika gegayutan kaliyan . . .
A. wiraga
B. widara
C. wirama
D. wicara
E. wirasa

45. Kawaosa kanthi saksama!

Para lenggah ingkang satuhu bagya mulya,

Sampun kasub bilih Ngayogyakarta punika katelah kitha pendhidhikan, ingkang tegesipun minangka papan ngangsu kawruh menggahing samukawisipun ngèlmi tumrap para siswa ingkang mijil saking laladan Ngayogyakarta punapa déné kitha sanès ing wewengkon Nuswantara, kepara malah wonten ingkang saking negri manca. Ngayogyakarta ugi mujudaken kitha budaya awit Kraton Ngayogyakarta ingkang minangka punjering kabudayan adiluhung Jawi ing tlatlah Propinsi Daérah Istimewa Yogyakarta dumugi sapunika taksih ngleluri adat budaya Jawi murih mekar lan ngrembakanipun. Nanging ngenut owah gingsiring jaman, kanyata sapunika kathah para mudha saking laladan Ngayogyakarta piyambak ingkang sampun kesupèn, nglirwakaken, kepara malah nilaraken bab basa, sastra tuwin budaya Jawa. Temtunipun prekawis punika dados tanggel jawab lan penggalihan kula lan panjenengan sadaya. Underaning prekawis sesorah ing inggil inggih punika . .

A. prekawis bab kathahipun para mudha saking Ngayogyakarta ingkang minangka kitha budaya malah kesupen dhateng basa, sastra, lan budaya Jawa dados tanggel jawab kula panjenengan sadaya
B. prekawis bab Ngayogyakarta ingkang kawentar minangka kitha pendhidhikan lan kitha budaya
C. prekawis bab Ngayogyakarta mujudaken kitha budaya awit Kraton Ngayogyakarta minangka punjering kabudayan Jawa
D. prekawis bab nglirwakaken basa, sastra, lan budaya Jawa
E. prekawis bab kados pundi ngrembakaken budaya Jawa ing dhiri pribadinipun para mudha

46. Pranataning basa miturut lenggahing tata krama kawastanan . . . . . .
A. tata basa
B. unggah-ungguh basa

C. rura basa
D. kerata basa
E. kawi basa

47. Kawaosa wicantenan punika kanthi saksama!
Guru 1 : "Éh Bu, kok sajak ana sing dioyak, arep tindak endi?"
Guru 2 : "Oh, iya Bu, iki arep nyang ruang guru sedhéla. Mau Pak Sulis ngendika menawa ana tilpun penting saka omah."
Guru 3 : "Oh, ya wis Bu, mangga ndhèrèkaké!"
Wicantenan punika ngginakaken unggah-ungguh basa ragam . . . . . .
A. ngoko lugu
B. ngoko andhap
C. ngoko alus
D. krama lugu
E. krama alus

48. Bab-bab ngandhap punika minangka tetimbangan manawi badhé wawan pangandikan mawi unggah-ungguh alus utawi caos pakurmatan dhumateng tiyang sanès, *kejawi* . . . . . .
A. umur
B. peprenahan ing pasedhèrèkan
C. drajat utawi pangkat
D. tepangan enggal
E. bandha

49. Ing ngandhap punika cak-cakanipun unggah-ungguh krama alus, *kejawi*. . . . . .
A. kaliyan tiyang ingkang dèrèng tepang
B. putra dhateng tiyang sepuhipun
C. andhahan dhateng pimpinan
D. sémah dhateng sisihanipun
E. siswa dhateng gurunipun

50. Ukara ngandhap punika ingkang cak-cakan unggah-ungguh krama alusipun leres inggih punika . . . . . .
A. Ibu sampun bidhal dhateng kantor.
B. Kula sampun dhahar kala wau.
C. Bapak tindak dhateng kantor.
D. Bapak sampun menyang kantor.
E. Bapak sampun adus nalika kula siram.

51. Ing ngandhap punika ginanipun basa ngoko alus, kejawi kanggé gineman . . .
A. tiyang sepuh dhumateng tiyang nèm ingkang langkung inggil pangkatipun
B. kanggé rerasan bab tiyang ingkang pangkatipun inggil
C. kanggé ngurmati tiyang ingkang rinasa raket
D. èstri dhumateng lakinipun
E. tiyang nèm dhumateng tiyang sepuh

52. Kawaosa kanthi saksama!
Jaman samangke akèh putra wani karo wong tuwa, mbejujag, dikandhani ora nurut, lan liya-liyané. Bab iki satemené ana gandhèng

cènèngé karo unggah-ungguh basa kang diwulangaké déning wong tuwané. Mula, wong tuwa iku duwépurba wasésa kang gedhé kanggo ndhidhik putra-putrané. Yèn wiwit cilik ora naté diajari unggah-ungguh basa kang satuhu, dadi apa gedhéné? Adoh lan cedhaké wong tuwa marang anak iku gumantung kepiyé anggoné nindakaké guneman lumantar basa. Nganggo basa apa baé sauger ngerti marang rasa, unggah-ungguh, lan suba sita temtuné kabèh bakal mlaku kanthi tumata. Basa Jawa iku basa rasa, déné unggah-ungguh basa Jawa krama iku basa pakurmatan. Matur marang sapa baé, apa manèh marang wong tuwa nganggo unggah-ungguh krama alus iku ateges ngurmati wong liya. Yèn anak lan wong tuwa wus padha déné kurmat–kinurmat, padha ngertiné, ora mokal yèn ta kulawarga mau bakal *harmonis, serasi*, lan *selaras*. Dadi, unggah-ungguh basa Jawa krama dicakaké kanggo nuduhaké kalungguhan yèn ta wong tuwa iku pancen kudu dibektèni lan diajeni.

Adhedhasar waosan ing inggil, unggah-ungguh ing basa Jawa utaminipun gadhah daya guna . .

A. nebihaken sesambetan putra lan tiyang sepuhipun
B. nuntun tiyang sepuh netepi tata krama
C. ngleluri budaya ingkang dipunwarisaken déning para leluwur
D. ngraketaken sesambetan antawisipun putra lan tiyang sepuh
E. kanggé suka-suka tumraping para mudha jaman samangké

53. Kawaosa ukara punika kanthi saksama!

Manut pengalamané Suparta Brata, ing taun 1960 ana sawijining majalah basa Jawa sing tiras/oplahé bisa ngancik 80.000 nganti 120.000 eksemplar.

Tembung krama inggilipun wilangan 120.050 eksemplar inggih punika . . . .

A. setunggal atus kalih dasa èwu seket èksemplar
B. satus kalih dasa èwu gangsal dasa èksemplar
C. setunggal atus kalih dasa èwu gangsal dasa èksemplar
D. satus kalih puluh èwu gangsal dasa èksemplar
E. satus kalih dasa èwu sèket èksemplar

54. Limrahipun teks reportase langsung punika nengenaken 5W, *kejawi* . . . . . .

A. kapan kedadèyanipun
B. punapa caranipun ngatasi kedadèyanipun
C. ing pundi kedadèyanipun
D. sinten ingkang nemahi kedadèyan
E. punapa kedadèyanipun

55. Ingkang kalebet karya jurnalistik inggih punika . . . . . .

A. serat, sesorah, opini, profil, pawarta
B. jagading lelembut, geguritan, macapat, serat Jawi
C. pawartos, serat lelayu, serat iber-iber, karangan

D. reportase , artikel, budaya, seni, laporan penelitian
E. pawartos langsung, reportase , artikel, opini, profil

Kapustakaan

Abikusno. 1996. *Pepak Basa Jawa Enggal.* Surabaya: Ekspres.

Balai Bahasa Yogyakarta. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan.* Edisi revisi. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.

Anonim. 1928. *ser[tWfDs=kl.* Solo : Le DRUIK UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL STOOMDRUKKERIJ "DE BLIKSEM".

Endraswara, Suwardi. D.k.k. 2007. *Salah Kaprah Bahasa Jawa.* Yogyakarta: Penerbit Narasi.

Ermanto. 2005. *Wawasan Jurnalistik Praktis.* Yogyakarta : Cinta Pena.

Harimurti, Kridalaksana. 2001. *Wiwara ; Pengantar Bahasa dan Kebudayaan Jawa.* Jakarta : PT. Gramedia Pustaka Utama.

Haryana, Supriya. 2001. *Kamus Unggah – ungguh Basa Jawa.* Yogyakarta : Kanisius.

Hermanu. 2005. *Penggeli Hati II – Lelucon.* Yogyakarta : Bentara Budaya.

Kumisi Kasusastran. 1926. *Wawaton Punyeratipun Tembung Jawi mawi Sastra Jawa dalasan Angka.* Sriwedari – Surakarta : Landrukkerij _ Weltevreden.

Kuncoro, Mudrajad. 2009. *Mahir Menulis.* Jakarta : Erlangga.

Kuntari, Umi. 2014. *Panduan Mudah Menjadi MC dan Pidato bebahasa Jawa,* Yogyakarta : Kana Media.

Mangunsuwito. S.A., 2006. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa.* Bandung: Yrama Widya.

Prasaja, Setya Amrih. 2012. *Kawruh Sapala Jawa.* Yogyakarta : Familia.

_____.*Pranata Adicara lan Sesorah.* Yogyakarta : Familia.

Purwadarmita,W.J.S.1860. *Serat Mardda Kawi.* Terbit taun 1931. Solo : Uitgeverij En Boekhandel, Stoomdrukerij De Bliksem.

Sasangka, Sri Satriya Tjatur Wisnu. 2007. *Unggah – Ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta : Yayasan Paramalingua.

Subalidinata. R.S., 1994. *Kawruh Paramasastra Jawa.* Yogyakarta : Yayasan Pustaka Nusantara.

_____.1994. *Kawruh Kasusastran Jawa.* Yogyakarta : Yayasan Pustaka Nusantara.

Suwarna, Pringga Widagda. 2005. *Tingkeban.* Yogyakarta : Kanisius.

Winter, C.F & Ranggawarsita. 1994. *Kamus Kawi Jawa.* Gadjah Mada University.

Wiyoto. Tanpa taun. *Diktat Renggeping Wicara.* Persaudaraan Masyarakat Budaya Nasional Indonesia.

Zoetmulder, P.J. 1993. *Bahasa Parwa II.* Yogyakarta : Gadjah Mada University Press

1994. *Kalangwan : Sastra Jawa Kuno Selayang Pandang.* Penerjemah, Dick Hartoko. – Cet. 3. – Jakarta : Djambatan.

1995. *Kamus Jawa Kuna-Indonesia.* Penerjemah Darusuprapta & Sumarti Suprayitna. Jakarta : Gramedia.

[illegible] Serie uitgeven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 23. Surakarta.

Sumber Internet ;

http://www.widyapustaka.webnode.com

Font aksara

1. Nyk_Ngayogyan.ttf
2. Hanacaraka JG.ttf
3. Tuladha Jejeg.ttf
4. Shusha.ttf
5. Wijaya.ttf.

Pangripta

Umi Kuntari, S.S. lair wontening Bantul, suryakaping 23 wulan Februari 1976. Sasampunipun rampungaken pasinaon ing SMA N 2 Bantul jurusan Fisika ing tahun 1993, lajeng kuliah wonten ing Universitas Gadjah Mada ing Fakultas Sastra Jurusan Sastra Nusantara utawi Sastra Daerah lan kasil lulus ing tahun 1998 kanthi bijiing kang maremaken. Wiwit kuliah sampun aktif ing panaliten-panaliten sarta njarwakaken naskah-naskah kuna, ing antawisipun naskah-naskah kraton Ngayogyakarta-Surakarta, Naskah naskah pakualaman, Babad Mangir, Serat Kandhaning Ringgit Purwa, lan saperangan serat Centhini. Buku ingkang sampun dipunterbitaken ing antawisipun Kata-kata Super, Motivasi Bijak Leluhur Jawa (UeleBook), Resep Spesial Masakan Nusantara (Citra Media), Resep Masakan Spesial Tahu Tempe (Pustaka Insan Madani), Tuntunan sesorah lan mranatacara (Pinus), Aja Anjagakake Endhoge si Blorok (Kana Media), Panduan Mudah Menjadi MC dan Pidato Bahasa Jawa (Kana Media)

Dene prestasi ingkang nate kagayuh inggih menika:

1. Juara I Lomba menulis cerkak Guru SMA se-DIY (Dinas Kebudayaan DIY)
2. Juara I menulis dongeng berbahasa Jawa se-DIY (BPAD DIY)
3. Juara I menulis cerita berbahasa serta beraksara Jawa se-DIY (BPAD DIY)
4. Juara Harapan menulis geguritan se-DIY (Sekolah Pasca Sarjana UGM)
5. Juara III menulis Cerkak Umum se DIY (Dinas Kebudayaan DIY)
6. Juara Harapan 1 menulis dongeng berbahasa Jawa se-DIY (Dinas Kebudayaan DIY)
7. Juara II menulis novel berbahasa Jawa se-Jawa (UNY)

Ing samenika penulis makarya minangka guru bidang studi Bahasa, Sastra, dan Budaya Jawaing SMK N 1 Bantul ing Jl. Paris Km. 11 Sabdodadi, Bantul. Email: mdarunurseta@yahoo.com.

Nama : Setya Amrih Prasaja,S.S
Kakancingan : Mas Bekel Dwijasetyaprasaja,S.S.
TTL : Wonosobo, 26 Juli 1981
Pengalaman Mengajar :

1. SMA Negeri 2 Wonosobo
2. SMA Negeri 1 Sanden
3. SMA Negeri 2 Bantul

Pengalaman Organisasi : Ketua MGMP Bahasa Jawa SMA DIY
Website : www.widyapustaka.webnode.com
Email : setyawae@gmail.com